

KUNCI
MARDI JAWI

SMP

2

Kaimpun dening :
Drs. Soetarno

Penerbit "**WIDYA DUTA**" SURAKARTA
Jln. Honggowongso 139 telp. 6053
Kode Pos 57153



0812087
900.

KUNCI MARDI JAWI

SMP

2

Kalimpun dening :
Drs. Soetarno

Penerbit "**WIDYA DUTA**" SURAKARTA
Jln. Honggowongso 139 telp. 6053
Kode Pos 57153

1940

WAL CHAM

ONE

3

1940

ATRAKUR CATO AYOMI 1940
COCHE TELA
1940

ISI BUKU

WULANGAN 1	5
WULANGAN 2	11
WULANGAN 3	19
WULANGAN 4	23
WULANGAN 5	30
WULANGAN 6	34
WULANGAN 7	38
WULANGAN 8	42
WULANGAN 9	48
WULANGAN 10	53
WULANGAN 11	57
WULANGAN 12	63

Answers

1. KETTLEBELL
2. SWIMMING
3. ONE HOP SCOTCH
4. JUMPER CLOUD
5. HANGING
6. SWIMMING
7. HANGING
8. SWIMMING
9. HANGING
10. SWIMMING
11. SWIMMING
12. SWIMMING
13. SWIMMING
14. SWIMMING
15. SWIMMING
16. SWIMMING
17. SWIMMING
18. SWIMMING
19. SWIMMING
20. SWIMMING
21. SWIMMING
22. SWIMMING
23. SWIMMING
24. SWIMMING
25. SWIMMING
26. SWIMMING
27. SWIMMING
28. SWIMMING
29. SWIMMING
30. SWIMMING
31. SWIMMING
32. SWIMMING
33. SWIMMING
34. SWIMMING
35. SWIMMING
36. SWIMMING
37. SWIMMING
38. SWIMMING
39. SWIMMING
40. SWIMMING
41. SWIMMING
42. SWIMMING
43. SWIMMING
44. SWIMMING
45. SWIMMING
46. SWIMMING
47. SWIMMING
48. SWIMMING
49. SWIMMING
50. SWIMMING
51. SWIMMING
52. SWIMMING
53. SWIMMING
54. SWIMMING
55. SWIMMING
56. SWIMMING
57. SWIMMING
58. SWIMMING
59. SWIMMING
60. SWIMMING
61. SWIMMING
62. SWIMMING
63. SWIMMING
64. SWIMMING
65. SWIMMING
66. SWIMMING
67. SWIMMING
68. SWIMMING
69. SWIMMING
70. SWIMMING
71. SWIMMING
72. SWIMMING
73. SWIMMING
74. SWIMMING
75. SWIMMING
76. SWIMMING
77. SWIMMING
78. SWIMMING
79. SWIMMING
80. SWIMMING
81. SWIMMING
82. SWIMMING
83. SWIMMING
84. SWIMMING
85. SWIMMING
86. SWIMMING
87. SWIMMING
88. SWIMMING
89. SWIMMING
90. SWIMMING
91. SWIMMING
92. SWIMMING
93. SWIMMING
94. SWIMMING
95. SWIMMING
96. SWIMMING
97. SWIMMING
98. SWIMMING
99. SWIMMING
100. SWIMMING

WULANGAN 1

II. KAWRUH BASA

- B.
1. Saben awal sasi Juli sekolahan-sekolahan nganakake pendaptaran murid anyar kang diarani **PMB**.
 2. Murid pindahan sakå sekolahan liya iku lumrahe **dites** dhisik.
 3. Wektu pasinaone murid SD ing dalem setaun diperang dadi telung **caturwulan**.
 4. Wektu pasinaone murid SMP ing dalem setaun diperang dadi rong **semester**.
 5. Murid-murid sing ora mlebu sekolah dicatheti ana **absensi**.
 6. Saben guru kagungan daptar kanggo nyatheti murid-murid sing mlebu sekolah kang diarani **presensi**.
 7. Daptar kang isi urut-urutan piwulang ing saben dinane diarani **jadwal pelajaran**.
 8. Saben dina Jumuah esuk murid, guru, karyawan wajib nin-dakake senam kang diarani **SKJ**.
 9. Saben akhir semester murid-murid wajib melu ulangan kang diarani **tes sumatif**.
 10. Saben pertengahan semester ing SMP lumrahe dianakake ulangan kang diarani **tes subsumatif**.
 11. Ulangan kanggo njajagi apa kang ndadekake kangelane saben murid tumrap wulangan kang wis diterangake diarani **tes diagnostik**.
 12. Ulangan kang kanggo dhasar mbecikake "proses belajar mengajar" diarani **tes formatif**.
 13. Tes kang jawabane kudu milih jawaban-jawaban kang cumawis utawa ngisi titik-titik kang wis sumadhiya iku diarani **tes obyektif**.
 14. Tes wujud pitakonan-pitakonan kang kudu dijawab kanthi nerangake sacetha-cethane (uraian) iku diarani **tes essay**.
 15. Saben "kelompok belajar" kudu kerep nganakake **diskusi** ngrembug wulangan-wulangan kang sakira angel.

C. Ukara kang migunakake tembung-tembung sing kandel pangecape :

1. **Proses belajar mengajar** ing saben sekolahan wis ditata kaya kang kapacak ana ing jadwal pelajaran.

2. Saben guru maringi garapan **kokurikuler** kang kena dirampungake sarana diskusi klompok.
3. Pendidikan kepramukaan iku klebu wulangan **ekstra kuri-kuler**.
4. Salah sawijining oara tumindaking CBSA saben kelas di-dhapuk ananing **klompok belajar**.
5. Manawa ana wulangan kang dirasa angel, para siswa banjur nganakake **diskusi klompok**
6. Saben akir taun pelajaran sekolahan-sekolahan nganakake Evaluasi Belajar Tahap Akhir kang dicekak **EBTA**.
7. EBTANAS iku cekakan saka tembung Evaluasi Belajar Tahap Akhir Nasional kang tumuju marang para siswa kelas kang dhuwur dhewe ing saben sekolahan.
8. Siswa kang nduwени hak nampa **STTB** iku siswa kang wis ditemtokake lulus melu EBTANAS dening panitia penye-lenggara.
9. Siswa kang melu EBTANAS iku oleh biji kang diarani DA-NEM yaiku cekakan saka tembung Data Nilai Ebtanas Murni.
10. Patroli Keamanan Sekolah kang kacekak dari **PKS** iku tu-gase kaya dene Hansipe sekolahan.

D. Tegese tembung-tebung

1. ... **dhasare** pinter ... = pancen, mula
2. ... **adhedhasar** Pancasila = awewaton
3. ... **dhasare** watu = lemehe
4. ... **anggone dhasar** dodolane = ngeler
5. ... **manggih** akal = nemu
6. ... **kepanggih** Abas = kepethuk, ketemu
7. ... **dipun panggihaken** = ditemokake
8. **Panggih** wau dipun ... = jenenge bocah
9. ... **sami pepanggihan** = kumpul, srasehan
10. ... **manggiha kamulyan** = angsala, nemua, oleha
11. ... **pinanggih** Ali = kepethuk, ketemu
12. **kepanggih boten** **kepanggih**
kula borongaken ... = ketemu ora ketemu

III. PARAMASA STRA

A. Gatekna tuladha-tuladha iki !

(1). Tuladha ukara tanduk *intransitip liyane* :

- a. *Asuku turu*.
- b. *Aku lagi adus*.
- c. *Adhiku wis tangi*.
- d. *Kancaku bisa singset*.
- e. *Kanca-kanca padha ngguyu*.
- f. *Bocah-bocah padha ndhingkluk*.
- g. *Kowe bisa ndengenek ?*
- h. *Kowe aja sedhakep !*
- i. *Budi karo Narti mlaku-mlaku*.
- j. *Pak Lurah manthuk-manthuk*.
- k. *Bocah nakal loro iku tabok-tinabok*.
- l. *Kowe karo adhimu aja tabok-tabokan !*

(2). Tuladha tembung tanduk *transitip liyane* :

<i>mbalang</i>	<i>nggered</i>
<i>nambal</i>	<i>manah</i>
<i>njereng</i>	<i>njemparing</i>
<i>nggitik</i>	<i>ngundhuh</i>
<i>nata</i>	<i>ngambu</i>

Tuladha liyane *tembung tanduk intransitip sawise dipanambangi / utawa ake dadi tembung tanduk transitip* !

<i>ndongeng</i>	→ <i>ndongengi, ndongengake</i>
<i>ngomel</i>	→ <i>ngomeli, ngomelake</i>
<i>ngalah</i>	→ <i>ngalahi, ngalahake</i>
<i>dondom</i>	→ <i>ndondomi, ndondomake</i>
<i>mencolot</i>	→ <i>mencoloti, mencolotake</i>
<i>njangkah</i>	→ <i>njangkahi, njangkahake</i>
<i>ndhodhok</i>	→ <i>ndhodhoki, ndhodhokake</i>
<i>ngumpul</i>	→ <i>ngumpuli, ngumpulake</i>
<i>nggandhul</i>	→ <i>nggandhuli, nggandhulake</i>
<i>ngineb</i>	→ <i>nginebi, nginebake</i>

Dhapukan ukara nganggo tembung tanduk transitip ing dhuwur iki !

- Mau bengi ibu **ndongengi** adhiku.
- Ibu **ndongengake** Timun Emas.
- Kowe kuwi **ngomeli** sapa ta, Yu ?
- Kowe kuwi **ngomelake** apa, Yu ?
- Aku kerep **ngalahi** adhiku sing nakal.
- Bantering layune adhiku bisa **ngalahake** layune kancane.
- Ibu **ndondomi** kebayake.
- Ibu **ndondomake** kebayake marang penjait.
- Tikus **mencoloti** adhiku kang lagi turu.
- Lakumu **mencolotake** tikus kang lagi diindhik kucing.
- Bapak lagi **njangkahi** ambane dalan ing ngarepku.
- Aku ora bisa **njangkahake** sikilku kang abuh iki.
- Mau bengi ana petengan bapak **ndhodhoki** maling kang mlebu ing pekaranganku.
- Hansip lagi **ndhodhokake** wong-wong kang padha nonton wayang.
- Ana kampungmu kowe kudu gelem **ngumpuli** warga kampung, aja urip ndhewe !
- Wingi Pengurus RT **ngumpulake** para mudha ing lingkungane.
- Aku lagi **nggandhuli** timba supaya bisa nyilem.
- Sapa sing **nggandhulake** lonceng ana ing uwit iki ?
- Yen bengi aku kajibah **nginebi** lawang-lawang
- Sapa sing **nginebake** lawang gedhe iku kudu ngati-ati.

(3). Tuladha dhapukaning ukara nganggo tembung tanggap :

- (1). - **Bukune dakgawa** menyang sekolah.
- **Buku-bukune dakgawani** menyang sekolah.
- **Buku-bukune dakgawakake** murid-murid.
- (2). - **Bukune kogawa** menyang ngendi,ta ?
- **Buku-bukune kogawani** menyang ngendi bae ?
- **Bukune kogawakake** sapa ?

- (3). - *Bukune digawa kancaku.*
 - *Buku-bukune digawani kanca-kancaku.*
 - *Bukune digawakake kancaku menyang omah.*
- (4). - *Bukune kagawa kanca menyang omahe.*
 - *Buku-bukune kagawani kanca-kanca menyang omahe dhewe-dhewe.*
 - *Bukune kagawakake kanca menyang omahku.*
- (5). - *Bukuku apa kegawa kancaku menyang omahe ?*
- (6). - *Bukuku ginawa kanca arep diwaca.*

B. Latihan :

Dhapukaning ukara tanggap :

1. *Gegere kancaku dakkukur.*
2. *Jembare sawahku dak-ukur.*
3. *Jembare sawah-sawah diukuri juru ukur.*
4. *Buku-bukuku diwacani Narti.*
5. *Layang dikirimake Narto marang kancane.*
6. *Adhiku dibededa sapa ?*
7. *Empal lagi digoreng ibu.*
8. *Rotimu mau dakcuwil sethithik.*
9. *Kaca jendhela mau dithuthuk sapa ?*
10. *Bocah kelas loro ditantang bal-balan bocah kelas telu.*

IV. NULIS

B. Panulise nganggo aksara Jawa kang bener !

<i>सर्वत्रयैष्टव्यं</i>	<i>अप्यनुगम्यते</i>
<i>कृष्णं</i>	<i>अप्यनुगम्यते</i>
<i>विश्वामित्रं</i>	<i>अप्यनुगम्यते</i>
<i>नृपतीर्थं</i>	<i>अप्यनुगम्यते</i>
<i>विश्वामित्रं</i>	<i>अप्यनुगम्यते</i>
<i>नृपतीर्थं</i>	<i>अप्यनुगम्यते</i>

ŋE18ŋE17ŋ¹
ŋA18ŋA17ŋA19
ŋm17ŋ(ŋ18ŋ17ŋ19
ŋA18ŋA17ŋA19

ŋA18ŋA17ŋ
ŋŋE17ŋmŋ
ŋmŋE18ŋ

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa ngoko andhap :

1. **Panjenengan** dhek mau apa wis **dhahar** temenan ? Manawa ora **dhahar** mangga ta **lenggah** dhisik !
2. Aku dhek mau uga wis **sowan** mrene, nanging **panjenengan** ora ana **dalem**.
3. Aku wis ngreti apa sing **panjenengan** kersakake !
4. Mangga ta **dakaturi** **pinarak** dhisik, ora ketang mung sedhe-la, sokur **kersa nyare** pisan !
5. **Kagungane** sepedha motor anyar iku **pundhutan** pira ? Toko endi sing **panjenengan** **pundhuti** ?
6. Prayogane **siram** ana kene bae, banjur mengko padha beba-rengan **mriksani** wayang wong.
7. Aja **kondur** dhisik, iki ana prekara wigati sing perlu **panje-nengan** **wuningani** !
8. Aku **nyuwun** **priksa** apa **panjenengan** sesuk-esuk sida **ker-sa parling** sesuluh marang sedulur-sedulur tani ?
9. Dhek wingi **ingkang putra** wis ketemu aku, **ngendikane** eyang **ngersakake** rawuh ing Sala.
10. Aku wis nate matur marang **ingkang ibu**, manawa **dipareng-ake** aku arep **nyuwun** **ngampil** **kagungane** sepedha rong dina bae..

VI. KASUSASTRAN

A. (**bisa katindakake dhewe**)

B. **Purwakanthi kang kanggo ing unen-unen iki !**

1. – **purwakanthi sastra :**

raras ririh réreh ngarih arih

2. - **purwakanthi swara** : *Si pengung kumlungkung anggang gumanggang*
- **purwakanthi sastra** : *anggugung gumunggung*
3. - **purwakanthi basa** (wewiletan) .
Ratih ratu ratune wong Cakrakembang, kembang wijaya kusuma asih mring kula.
4. - **purwakanthi sastra** :
Watak wantune wanita utama, tindak tanduke tansah ngati-atii
5. - **purwakanthi sastra** :
Bisa mbrastha kabeh rubeda kang ngreribedi
6. - **purwakanthi sastra** :
Ati tatag, watak teguh tanggon, tan tinggal tata trapsila, adate bisa ngentasi karya.
7. - **purwakanthi sastra** :
Watak mugen ati tegen, tandang rigen, genah agawe sugih guna kaya.
- **purwakanthi swara** :
Watak mugen ati tegen, tandang rigen . . .
8. - **purwakanthi swara** :
Wong kang awatak sareh, polatane sumeh, adate mitrane akeh.
9. - **purwakanthi swara** :
Ati jujur, budi luhur, pantes dadi wong dhuwur.
10. - **purwakanthi sastra** :
Pemudha ora gumendhung, dhadhang wani ndhadha kaluputan, pantes ginadhang-gadhang dadi panggedhe.

WULANGAN 2

II. KAWRUH BASA

B. Isine tembung-tembung kang mathuk:

- | | |
|----------------------------------|-----------------|
| 1. ngenggar-enggar
hawa seger | 5. pasanggrahan |
| 2. ampak-ampak | 6. tetirah |

- | | |
|---------------------------------------|-------------------------------------|
| 3. adhem njekut
api-api
4. vila | 7. edi peni
terasing
resepung |
|---------------------------------------|-------------------------------------|

C. Tembung camboran (a) lan panganggone ing ukara (b) :

1. a. **adhem njekut** = adhem banget
 b. Ana Tawangmangu awakku krasa **adhem njekut** manawa wayah bengi.
2. a. **sepi mamring** = sepi banget
 b. Desa-desa kang maune **sepi mamring** wiwit jam 20.00 bareng katekan listrik dadi reja tekan jam 23.00.
3. a. **Ijo royo-royo** = ijo enom sumringah.
 b. Ing mangsa rendheng tanduran-tanduran katon **Ijo royo-royo**.
4. a. **ayem tentrem** = ayem banget
 b. Pujiku marang kowe muga-muga ana papan anyar uripmu bisa **ayem tentrem** kalis ing sambokala.
5. a. **seger kuwarasan** = awake krasa kepenak sarta waras
 b. Marga saben esuk nindakake senam, awakku saiki kra-sa **seger kuwarasan**.
6. a. **udan nggrejeh** = udan terus-terusan
 b. Ing desa-desa kang adoh kutha, manawa **udan nggrejeh** adhakane akeh wong kang kemalingan.
7. a. **gremis riwls-riwls** = udan ora deres
 b. Iki isih **gremis riwls-riwls**, yen arep lunga nganggoa payung kareben ora keproh !
8. a. **tanem tuwuh** = tetanduran thethukulan saliyane pari.
 b. Ing mangsa ketiga akeh **tanem tuwuh** kang padha ngretek godhonge, jalaran kekurangan banyu.
9. a. **sato kewan** = sakehing kewan
 b. Ing alas gung liwang-liwung isih akeh **sato kewan** kang isih kesit.
10. a. **omah pekarangan** = omah lan pekarangan
 b. **Omah pekarangan** tinggalane wong tuwaku muga-muga bisa tumurun marang anak putu.

D. Tembung-tembung kang ateges kabeh !

- | | |
|-------------------------------|----------------------------------|
| 1. <i>salumahing bumi</i> | = kabeh kang ana ing ratu bumi |
| <i>sakurebing langit</i> | = kabeh kang tinutupan langit |
| 2. <i>saindhenging bawana</i> | = salumahing jagat (ngendi-endi) |
| 3. <i>sacindhilmu abang</i> | = saanakmu |
| 4. <i>saranduning angga</i> | = awak sakojur |
| 5. <i>awak sakojur</i> | = awak kabeh |
| 6. <i>sajegku urip</i> | = salawasku urip |
| 7. <i>sadina muput</i> | = sadina dheg |
| 8. <i>sawengi natas</i> | = sawengi muput |
| 9. <i>sasore bendhe</i> | = sasuwene wayah sore |
| 10. <i>sakesuk njepluk</i> | = sasuwene wayah esuk |

III. PARAMASA STRA

B. Tuladha dhapukaning *ukara bawa nganggo tembung-tembung* kang kandel panyithake :

1. *Pari tandurane bapak lagi kumemping.*
2. *Elare piyikku lagi kumedom.*
3. *Pandhawa lan Kurawa padha maguru marang Pandhita Drona.*
4. *Wektu iki isih akeh wong kang tetamba sarana madhukun.*
5. *Gelungan manten putri iku lumrahe akembang mlathi.*
6. *Rehe udane deres ulihku saka sekolahán atudhung godhong gedhang sapapha.*
7. *Pelem iku durung tuwa, lagi rumujak.*
8. *Buta Rambutgeni jinambah rambute dening Gathutkaca terus pinothol gulune.*
9. *Nalika aku ndhangir tanduran kacang, akeh wit kacang kang kepacul.*
10. *Degan iki wis kumrujak.*
11. *Panggedhe kang kumawasa iku adhakane ora disenengi dening andhahane.*
12. *Aku kamigllan yen weruh uler dhampa kang wulune nggateli.*
13. *Wong tuwa kang wis umur sangang puluhan taun iku sok ana sing kamibocah.*
14. *Olehmu nyawang aku kok nganti kamitenggengen iku ana apa ta ?*

15. Ing jaman modheren iki aku isih mrangguli ana wong kang **asesaji** ana ing ngisor wit warlingin ing alun-alun.
16. Prabu Pandhu **apeputra** ilma kang diarani Pandhawa.
17. Menyang Waduk Gajah Mungkur iku saka kutha Sala **manglidul** ngliwati kutha Sukoharjo.
18. Ana ing crita pawayangan Dewa Ismaya **manjalma** dadi Ki Lurah Semar.
19. Uaping banyu kang campur karo hawa iku yen kena adheming hawa bengi bisa **maujud ebun**.

C Ukara-ukara ing ngisor iki kalebu :

- ukara bawa (a),
- ukara tanduk transitip (b),
- ukara tanduk intransitip (c),
- ukara tanggap (d).

1. **Bapak // wis rawuh**

(J) (W)

- wasesa : **rawuh** (tanduk intransitip = tanpa lesan).
- ukara : (C). *tanduk intransitif*

2. **Mencoku // plinter ngoceh / saiki**

(J) (W) (K)

- . wasesa : **plinter ngoceh** (tembung kaanan)

- ukara : (a). *tanduk intransitif*

3. **Aku // nggawa / buku wacan**

(J) (W) (L)

- wasesa : **nggawa** (tembung tanduk transitip = mawa Jesan)

- lesan : buku wacan

- ukara : (b). *tanduk transitif*

4. **Buku wacan // dakgawa**

(J) (W)

- wasesa : **dakgawa** (tembung tanggap)

- ukara : (d). *tanggap*

5. **Bocah-bocah // padha nembang**

(J) (W)

- wasesa : **padha nembang** (tembung tanduk intransitip)

- ukara : (c). *tanduk intransitif*

6. Aku // bisa nembangake / tembang gedhe.

(J) (W) (L)

- wasesa : **bisa nembangake** (tembung tanduk transitif = mawa lesan).

- lesan : tembang gedhe

- ukara : (b). *tanduk transitif*

7. Narti // disangoni / eyang putri.

(J) (W)

- wasesa : **disangoni** (tembung tanggap)

- ukara : (d) *tanggap*

8. Eyang putri // nyangoni / Narti.

(J) (W) (L)

- wasesa : **nyangoni** (tembung tanduk transitif = mawa lesan)

- lesan : Narti

- ukara : (b) *tanduk Transitif*

9. Pamanku apeputra telu

(J) (W)

wasesa : **apeputra telu** (tembung kaanan)

ukara : (a) *baik*

10. Krambile // lagi kumrempah

(J) (W)

- wasesa : **lagi kumrempah** (tembung kaanan)

- ukara : (a) *talua*

11. Saiki / aku // ngantuk / banget

(J) (W) (K)

- wasesa : **ngantuk** (tembung kaanan)

- ukara : (a) *tanduk / intransitif*

12. Aku // arep turu / sedhela.

(J) (W) (K)

- wasesa : **turu** (tembung tanduk intransitif tanpa lesan).

- ukara : (c) *tanduk intransitif*

13. Udane // kumrosak

(J) (W)

- wasesa : **kumrosak** (tembung kaanan)

- ukara : (a) *bawal*

14. *Lakune // mangetan*

(J) (W)

- wasesa : **mangetan** (tembung tanduk intransitip)
- ukara : (c) *bawaa ha*

15. *Gagasane blyen kae // wis maujud*

(J) (W)

- wasesa : **maujud** (tembung kaanan)
- ukara : (a) *buaja*

16. *Mangga / kita // sami asesanti*

(K) (J) (W)

- wasesa : **asesanti** (tembung tanduk intransitip)
- ukara : (c) *suja*

17. *Aku // lagi nggendhong / Tono.*

(J) (W) (L)

- wasesa : **nggendhong** (tembung tanduk transitip mawa lesan)

- lesan : Tono

- ukara : (b)

tanduk lef / transitif

18. *Pitikku // lagi ngendhog*

(J) (W)

- wasesa : **ngendhog** (tembung tanduk intransitip)
- ukara : (c)

tanduk ton / transitif

19. *Sampeyan // kula ampiri / kemawon*

(J) (W)

- wasesa : **kula ampiri** (tembung tanggap)
- ukara : (d)

tanggap

20. *Artanipun adhi kula // dipun celengi*

(J) (W)

- wasesa : **dipun celengi** (tembung tanggap)
- ukara : (d)

tanggap

IV. NULIS

B. Panulise nganggo aksara Jawa

U^u M^m E^e O^o A^a Nⁿ B^b Iⁱ G^g T^t D^d R^r S^s H^h C^c F^f L^l V^v Y^y M^m W^w K^k X^x Z^z

॥^० अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 ॥ अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 गुण विद्युत् विद्युत् ॥
 ॥ अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 गुण विद्युत् विद्युत् ॥
 ॥ अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 गुण विद्युत् विद्युत् ॥
 ॥ अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 अन्न गुण विद्युत् विद्युत् विद्युत् विद्युत् ॥
 गुण विद्युत् विद्युत् ॥

V. UNGGAH-UNGGUH.

TLAGA SARANGAN

Manawi dipun sawang saking kitha Ngawi, utawi dipun sawang saking kitha Sala, redi Lawu blegeripun kados buta tilem. Ndlujur anteng mrebawani. Nanging manawi dipun purugi ngantos dumugi pucukipun jebul mengku kaendahan ingkang anglam-lami

Ing ereng tembing kilen, pinanggih papan wisata Tawangmangu ingkang kondhang kanthi sesawanganipun rupi Grojogan Sewu. Dene ing ereng tembing wetan rinengga kaendahan mligi, arupi tlaga Sarangan. Cariyos bab kaendahani ng Gunung Lawu kados-kados boten wonten telasipun. Punapa malih nyariyosaken kawontenanipun Tlaga Sarangan.

Tlaga ingkang jembar ngilak-ilak punika kalebet wewengkon Kabupaten Magetan. Dene inggilipun papan endah punika udaka-

wis 1.287 meter saking lumahipun seganten. Boten benten kaliyan Tawangmangu ing tembing kilen, minggah dumugi Sarangan hawanipun adhem trecep-trecep, atis ing kulit. Miturut cathetan manawi wanci dalu suhu ing ngrika saged ngantos 16° Celsius.

Manawi ngleresi libur utawi wonten wekdal longgar, para andon wisata saged tindak Sarangan. Saking kitha Magetan taksih minggah ndeder udakawis 17 km. Utawi manawi tetumpakan ing kang dipun ajak lumampah arupi mobil ingkang sehat, saged langkung Tawangmangu. Lajeng minggah udakawis 15 km. Marginipun alus, menggak-menggok, kaliyan sesawanganipun nengsemaken.

.....
(saged dipun lajengaken piyambak).

VI. KASUSASTRAN

1. Rumpakan dhapur puisi Jawa tradhisional

iku rumpakan kang edi penine migunakake pola kang ajeg (ajeg panganggone), mula kagolong **basa kaing pinathok**, amarga kaiket ing wewaton warna-warna, kaya ta :

- a. *cacahing wanda saben sagatra (guru wilangan)*
- b. *cacahing gatra saben sapadane,*
- c. *gayutaning gatra-gatrane,*
- d. *tibaning swara ing saben pungkasaning gatra (guru lagu utawa dhong dhing),*

Rumpakan dhapur puisi Jawa gagrag anyar

iku rumpakan kang edi penine ora kaiket wewaton kaya ing dhuwur iku, nanging mung ngendelake :

- a. *pilihaning tembung-tembung kang mentes,*
- b. *wirama,*
- c. *busananing basa kang awujud : purwakanthi, dwipurwa, seselan um utawa in*

2. Rumpakan puisi Jawa kang kagolong puisi tradhisional iku kaya ta : **paribasan, bebasan, saloka, sanepa, parikan, wangsalan, tembang**

3. a. **Parikan** iku kagolong rumpakan puisi Jawa tradhisional, marga kaiket wewaton :
- a. cacahing wanda saben sagatra 4/4, 4/8 utawa 8/8
 - b. cacahing gatra saben sapada :
- bisa 2, pamedhote lan purwakanthi sarta cengkorongan :
- - - - (a) / - - - - (b) (4/4)
 - - - - (a) / - - - - (b) (4/4)
 - - - - (a) / - - - - - - - (b) (4/8)
 - - - - (a) / - - - - - - - (4/8)
 - - - - - - - (a) - - - - - - (b)
 - - - - - - - (a) - - - - - - (b)
- bisa 4, pamedhote lan cengkorongane :
- - - - (a)
 - - - - (b)
 - - - - (a)
 - - - - (b)
- b. **Wangsalan** iku uga kagolong rumpakan puisi Jawa tradhisional, marga kaiket ing wewaton :
- cacahing gatra saben sapada 2 kadhapuk dadi **saukara**, migunakake purwakanthi swara.
 - gatra kang kapisan 4 wanda, gatra kapindho 8 wanda.
 - gatra kang kapisan isine memper cangkriman, gatra kang kapindho isi bedhekane (tebusane).
 - **cengkorongane** :
- - - - (a) / - - - - - - - (a)

WULANGAN 3

II. KAWRUH BASA

B. Panganggone tembung camboran

1. Tukang nglakokake prau arane **Juru mudhi**.
2. Wong kang pagaweane nyabrangake wong nganggo prau arane **Juru tambang**.

3. Wong sing nglantarake pagunemané wong loro sing padha dene ora mangerti basane diarani **juru basa**.
4. Wong sing pinatah ngreksa pakuburan utawa papan sing kramat diarani **juru kunci**.
5. Wong sing pinter memethék (memeca) sarana palintangan arane **juru nujum**.
6. Wong sing pagaweane nindakake tulis-tinulis ana kantor-kantor arane **juru tulis**.
7. Wong sing pakaryane dadi tukang adang diarani **juru dang**.
8. Lurahing pelanyahan iku arane **juru jali**.
9. Wong kang duwe kapinteran tansah nganggit crita (karrangan) diarani **juru ngarang**.
10. Wong kang pakaryane ngumpulake pawarta, kang calon kapacak ing ariwarti iku arane **juru warta**.

C. Kang kasebut ing ngisor iki pakaryane :

1. **Jlagra** iku wong sing pakaryane gawe piranti saka watu.
2. **Gemblik** iku wong sing pakaryane gawe dandanán saka kuningan.
3. **Greji** iku wong sing pakaryane njait sandhangan
4. **Gamel** iku wong sing pakaryane ngopeni jaran.
5. **Blandhong** iku wong sing pakaryane negori kayu.
6. **Sayang** iku wong sing pakaryane gawe dandanán saka tembaga.
7. **Pekathik** iku wong sing pakaryane nuntun / ngaritake jar-an.
8. **Blantik** iku wong sing pakaryaneadol raja kaya.
9. **Kusir** iku wong sing pakaryane nglakokake andhong utawa dhokar.
10. **Masinis** iku wong sing pakaryane nglakokake sepur.
11. **Pilot** iku wong sing pakaryane nglakokake montor mabur.
12. **Kondhektur** iku punggawa sepur utawa bis kang pinatah mriksa karcis.
13. **Niyaga** iku wong sing pakaryane nabuh gamelan.
14. **Waranggana** iku wanita kang nembang mbarengi gedhing gamelan.
15. **Dhalang** wóng kang nglakokake sarta nyritakake wayang.
16. **Penyumping** wong kág pinatah nata wayang ana kelir sadurunge padhalangan-diwiwi.

D. Unen-unen / bebasan kang cocok karo ukara-ukara :

1. keplok lan jumbuh
2. keplok ora tombok
3. tulung menthung
4. welas tanpa alis
5. ulat madhep ati karep.
6. njagakake endhogé si blorok.
7. Madu balung tanpa isi.
8. Kalah cacak menang cacak.

III. PARAMASA STRA

Rimbaging tembung-tembung kang dikurung sarana ater-ater **anuswara** lan panambang i, **ake** / **aken** sarta tegese.

1. **menehake** dhuwit = nindakake **weneh** dhuwit marang ...
2. **ngilekake** banyu = njalari **llining** banyu
3. **ngileni** sawah = menehi **ili** marang sawah
4. **nempelake** potret = nindakake **tempel** potret-potret.
5. **ngalungake** ula = nganggo **kalung** ula.
6. **matrekake** ceret = ngakon nggunakake **patri** kanggo **ceret**.
7. **njamoni** adhiku = ngloloh **jamu** marang adhiku.
8. **njanjeni** nukokake sepatu = menehi **janji** marang aku.
9. **mbektakaken** koper = nindakake **bekta** koper kange
10. **ndangu** kowe = ngucapake (pan)dangu marang ...
nonton sekaten = nindakake **tonton**.

IV. NULIS

C. Panulise tembung-tembung nganggo aksara Jawa :

ଅନ୍ତର୍ବାହିକା	ଅନ୍ତର୍ବାହିକା
ପାଦବୀକା	ପାଦବୀକା
ମିଥ୍ୟବାହିକା	ମିଥ୍ୟବାହିକା
ଗାନ୍ଧାରିକା	ଗାନ୍ଧାରିକା
ବାହୁଦାରିକା	ବାହୁଦାରିକା

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa krama :

Mbok Sardi : "Sampeyan enjing-enjing kok sampun mruput dha-teng peken. Wonten prelu punapa ta ?"

Ni Merta : "Badhe nempur, manawi radi kesiyangen, asring boten kumanan, dene ingkang sami tumbas boten ngemungaken tiyang ngriki kemawon."

Mbok Sardi : "Kula punika saestunipun kemawon nggih betah uwos kados sampeyan. Nanging kula srantosaken. Benjng dinten pekenan kemawon. Dados regine radi boten kawisen."

Ni Merta : "Makatena punika pekenan ngajeng punika rak dereng kenging dipun temtokaken kathahing bakul ingkang sade uwos, awit saweg nengah-nengahi mangsa rendheng kados makaten ! Adat ingkang sampun-sampun uwos pantunipun tiyang dhusun sami dipun simpen kemawon."

Mbok Sardi : "Mila leres carios sampeyan makaten punika. Tu-junipun betah kula uwos boten kathah."

Ni Merta : "Manawi namung badhe tumbas uwos 10 beruk kemawon, kula saged ngeteri."

Mbok Sardi : "Lah inggih sae manawi makaten. Nanging reginipun salimrahipun kemawon."

Ni Merta : "Inggih ta. Mangke siyang-siyangan kula eteri 10 beruk.

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 4

II: KAWRUH BASA

B Isine ukara-ukara :

1. Yen wayah lingsir wengi aja seru-seru anggonmu ngunek-ake tape, sabab kowe kudu **ngelingi butuhing liyan**.
2. Swasana kampung bisa tentrem lan aman, manawa para wargane bisa srawung kanthi **mong-kinemong** lan **jaga-jinaga**.
3. Pasrawungan ing kampung bisa **sumadulur** manawa para wargane padha duwe **tepa slira**, ing antarane siji lan si-jine padha **ajen-ingajenan** lan padha gelem nindakake **gotong royong** ngayahi kebutuhane kampung.
4. Ngedohi larangan lan nindakake dhawuhe Gusti Allah iku diarani **takwa**.
5. Yen kepengin nyinkiri anane padudon ing antarane siji lan sijine kudu dianakake **musyawarah**, aja nganti mung waton tumindak.

C. Ukara-ukara nganggo tembung saroja :

1. **gugur gunung** = pakaryan negara kang sarana ngeriga-ke wong padesan tanpa opah.
 - *Mbañgun dalan-dalan ing padesan umume katindakake sarana gugur gunung.*
2. **bau suku** = bebau saka ing padesan kang nggarap sa-wah palungguh.
 - *Lurah-lurah sing akeh-akeh anggone nggarap lungguhe kanthi cara masraha ke marang bau suku kang piniji.*
3. **darma bekti** = panggawe kang nelakake bektine marang (negara, agama, lsp).
 - *Para pejuang padha kepengin ngatonake darma bekti-ne marang negara.*
4. **tindak tanduk** = patrap, salah tingkah.
 - *Ana ing pasrawungan kowe kabeh kudu tansah ngaton-ake tindak tanduk kang trapsila.*

Darma bahas

5. **solah tingkah** = tandang tanduk, kalakuan.
 - *Solah tingkah kang alus iku bisa nuduhake ajining dhiri ana ing pasrawungan.*
6. **sugih miskin** = sugih utawa miskin, akeh sithiking ban-dha.
 - *Warganing nagara iku **sugih miskin** nduweni hak kang padha.*
 - *Sugih miskin iku ora kena kanggo paugeran nemtok-ake drajating wong.*
7. **gedhe cilik** = gedhe utawa cilik, wiwit sing gedhe nganti tekan sing cilik.
 - *Jambu iki **gedhe cilik** padha rasane.*
 - *Warga kampungku **gedhe cilik** padha ngadeg ana ing pinggir dalan nonton pawai.*
8. **enom tuwa** = enom tuwa, wiwit sing enom nganti sing tu-wa.
 - *Wit pelem ing buri omah iku arep ditegor, mula peleme **enom tuwa** unduhhana.*
9. **gawe parigawe** = prakara sing perlu ditindakake.
 - *Aku iki isih warismu dhewe, mula yen ana **gawe pari-gawe** aja lali ngabari aku.*
10. **ruwet renteng** = prakara sing njalari rentenging nagara, reretu.
 - *DPR iku wajib melu ngrembug **ruwet rentenging** nagara.*

D. Kosok balen :

1. alus bebudene >< kasar bebudene
2. luhur bebudene >< asor bebudene
3. dhiri >< andhap asor, lembah manah , anggak,
4. gumedhe >< andhap asor, anor raga , lembah manah
5. kajen keringan >< disepelakake , diremehake , ora di
6. kumalungkung >< sabar sareh, andhap asor , anaraga , lembah
7. lembah manah >< gumedhe, angkuh, kumaki
8. pradhah ~~X~~ >< saen, nylekuthis , Wong sing rota kar
9. andhap asor >< deksura, kurang ajar , dhiri
10. blaba >< cethil

E. Paribasane :

1. Katon cepaka sawakul. *wis dipangan uler*
2. Meneng widara uleran.
3. Kakehan gludhug kurang udan. *kurang gowah ora mili*
4. Ora ganja ora unus.
5. Bathok bolu isi madu.
6. Lahang karoban manis.

(lahang = legen ; karoban = kebanjiran, kelebon).

III. PARAMASA STRA

B. Dhapukaning ukara cámbaran wudhar sarana lagu (implisit) :

1. Aku mangan nangka, adhiku ngombe wedang.
2. Bapak tindak menyang kantor, ibu resik-resik ana ndalem, aku karo adhiku menyang sekolah.
3. Adhiku sregep sinau, kakangku kesed banget.

C. Dhapukaning ukara camboran wudhar nganggo tembung pangiket (eksplisit) :

1. Kowe mau saka ngendi, **dene** wayah mene lagi mulih ?
2. Redi Merapi punika sampun inggil, **ewadene** meksa kawon-kaliyan redi Semeru.
3. Aku iki wis tuwa, **suprandene** isih mempeng anggonku marsudi kawruh.
4. Aku diarani njupuk buku, **mangka** aku weruh bae ora.
5. **Kali** iki cilik, **nanging** iline banter temen.
6. Dhateng kula radi kasep, **margi** kebetheng wonten margi.
7. Mangke dalu kula boten saged sowan mriki, **jalaran** kadhawuhan ndherek bapak.
8. Anggen kula damel sabun boten saged dados, **sabab** kekathahen toyanipun.
9. Sedulur tuwa wajib dibekteni, **awit** dadi gegentine wong tuwa.
10. Aku lagi ora duwe dhuwit, **mulane** ora bisa mitulungi.
11. **Sarehne** arep dakkandhani dhewekan, kowe dakundang mrene.
12. Darna punika radi cadhog mripatipun, **milanipun** manawi maos kerep klenlu.

IV. NULIS

C. Panulise nganggo aksara Jawa kang bener :

1. ḡəyənəmətənənə: təkəwənə
2. ḡəyənəmətənənə: təkəwənə
3. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
4. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
5. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
6. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
7. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
8. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
9. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
10. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə
11. ḡəyənə: təkəwə: təkəwə: təkəwə: təkəwə

V. UNGGAH-UNGGUH

A. Ukara-ukara sesanti lan tegese :

1. *Rawe-rawe rantas malang-malang putung* = kabeh kang ngebol-egoli sedyane, disirnakake.
2. *Sabaya pati* = rukun nganti tekan ing mati pisan.
3. *Sadumuk bathuk, sanyari bumi* = (padudon) prakara wong wadon utawa palemahan (dilabuhé toh pati).
4. *Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah* = Kerukunan iku bisa marakake kuwat, nanging manawa cecongkrahan bisa ndadekake ringkih.
5. *Sepi ing pamrih, rame ing gawe* = tanpa kamelikan apa-apa, nanging tumindak ing gawe kanthi mempeng.

6. *Nglurug tanpa bala, sugih tanpa bandha, menang ora ngasorake* = (kurang luwih bisa ditegesi) nindakake ayahan kanthi tumemen ing babagan panggulawenthah tumraping bebrayan, bakal entuk pamareming lair lan batin sarta kajen keringan wusanane = *ngalah supaya menang*
7. *Sapa salah seleh* = sapa sing salah mesthi nandhang akibate (wohe)
8. *Sura dira jayaningrat lebur dening pangastuti* = mubaling amarah kang katone bisa ngoregake jagad, adate bisa luluh dening solah tingkah kang linambaran rasa bekti lan tresna.
9. *Becik ketitik, ala ketara* = sapa sing tumindak apik utawa ala bakal kawruhan.
10. *Jer basuki mawa bea* = pancen bab kang becik/nyenengake mbutuhake pangorbanan.

B. Tuladha trap-trapaning sesanti ing dhuwur iku ana ing ukara :

1. Taun iku wis manteb anggonku arep melu transmigrasi, aja padha ngalang-alangi, *rawe-rawe rantas, malang-malang putung*.
2. Ana ing paran aku karo kowe kudu rukun *sabaya pati*.
3. Padudon prakara palemahan utawa wong wadon iku sing akeh-akeh padha dene mburu nepsu kanthi ditohi pati nggondheli unen-unen *sadumuk bathuk sanyari bumi*.
4. Piwelingku marang anak-anakku kabeh sing padha rukun karo sedulur-sedulurmu aja nganti cecongkrahan. Elinga marang sesanti *rukun agawe santosa, crah agawe bubrah*.
5. Durung padha tumandang bae kok wis padha rame rebutan kamelikan, mbok ya padha *sepi ing pamrih rame ing gawe*.
6. Aku iki ora ngreti apa-apa kok diterka njupuk dhuwit. Ya titen-titenan bae, *sapa sing salah seleh*.
7. Nyambuta gawe sing samesthine aja melu-melu kancamu sing ora bener tumindake, ing tembe rak *becik ketitik ala ketara*.
8. Ora ana gegayuhan apik tanpa rekasa/pangorbanan, elinga ta marang unen-unen *jer basuki mawa bea* !

VI. KASUSASTRAN

1. Ciri-ciri tembang Kinanthi :

- Guru lagu : u , i , a , i , a , i .
- Guru wilangan : 8 , 8 , 8 , 8 , 8 , 8

2. Tuntunan pangrumpakaning tembang macapat Kinanthi :

a. Manut surasane kang kacekak dadi 2 :

- *Pancasila dadi dhasaring negara.*
- *Pancasila iku jiwa kapribadening bangsa Indonesia.*

ateges ukara 2 ing dhuwur iku bisa dadi 2 *topik paragraf* = 2 ukara baku.

b. Saben *topik paragraf* (ukara baku) bisa diwenehi ukara-ukara tambahan saperlu, supaya dadi 2 *paragraf* kang cacahing larikan ana 6, marga tembung Kinanthi iku ana 6 gatra.

c. Saben sagatrane kudu karingkes supaya dadi 8 wanda kanthi ora ngowahi surasaning gatra, kanthi cara :

- *tembung kang dawa diganti tembung kang cekak,*
- *mancah tembung,*
- *yen bisa migunakake tembung kawi.*

d. Swaraning pungkasane gatra kacocogake karo *paugeran guru lagu* (*dhong-dhing*) Kinanthi (8u,8i,8a,8i,8a,8i) kanthi cara :

- *malik dhapukaning gatra*
- *ngganti tembung kang swarane cocog karo sing dikarepake kanthi ora owah tegese.*

e. Cengkorongane tembung Kinanthi :

_____	8u
_____	8i
_____	8a
_____	8i
_____	8a
_____	8i

3. Cak-cakane :

Gancaran : *Pancasila iku pancen nyata dadi dhasaring negara Republik Indonesia. Mula pantes manawa kita antepi lan kita belani pati. Aja ana sing wani-wani mamalangi.*

Iku yen diteliti kadadean saka 3 ukara :

- (1). *Pancasila iku pancen nyata dadi dhasaring negara Republik Indonesia.*
- (2). *Mula pantes manawa kita antepi lan kita belani pati.*
- (3). *Aja ana kang wani-wani mamalangi.*

Sarehne tembang Kinanthi iku ana 6 gatra, mula ukara telu ing dhuwur banjur didadekake **ngloro** kena nambahi, ngurangi lan ngganti tembung amrih luwese, nanging ora ngowahi kareping ukara, upama :

- (1). *Pancasila iku nyata,*
- (2). *manawa dadi dhasaring negara Republik Indonesia*
- (3). *Mula pantes yen kita wajib*
- (4). *ngantepi lan mbelani pati*
- (5). *Aja nganti ana kang gawe rubeda*
- (6). *mamalangi jejeging negara.*

Ngengrengan gatra Kinanthi kang cacache 6 ing dhuwur iku banjur diothak-athik cacahing wanda lan dhong-dhinge supaya cocok karo cengkorongan Kinanthi sarana :

- ngganti tembung kang luwi cekak/dawa nanging padha surasane.
- malik ukarane nanging ajeg surasane.
- sokur yen bisa nemokake tembung kawine.

upamane :

Kinanthi

<i>Nyata Pancasila iku</i>	<i>(8u)</i>
<i>dhasaring nagari RI</i>	<i>(8i)</i>
<i>Dadi kuwajiban kita</i>	<i>(8a)</i>
<i>mbela mrih jejeging nagari</i>	<i>(8i)</i>
<i>Ywa kongsi antuk rubeda</i>	<i>(8a)</i>
<i>mangka palanging nagari</i>	<i>(8i)</i>

(mangka = kang dadi, minangka)

WULANGAN 5

II. KAWRUH BASA

B. Tembung-tembung kang mathuk karo ukarane :

1. Wong kang dadine transmigran jalaran thukul saka karepe dhewe lan wani ngetokake wragad dhewe kalebu transmigrasi **swakarsa** lan **spontan**.
2. Para transmigran kang asale saka rakyat sadesa komplit karo lurahe kalebu transmigrasi **bedhol desa**.
3. Amrih kasembadane program transmigrasi dibutuhake para transmigran kang **gelem rekasa**.
4. Para transmigran iku bisa dadi urip mulya manawa **wekel ing gawe** lan gelem nglakoni **urip prasaja**.
5. Palemahan kanggo transmigrasi ana sing dadi areal **permukiman** lan areal **garapan**.
6. Palemahan tilas bukakan alas iku lumrahe **loh**, sabab ngandhut **humus** sing ndadekake subure tetanduran.
7. Para transmigran kang ora krasan banjur mbresot bali muilih iku sing akeh jalaran **kesed** lan ora gelem rekasa dhisik

C. Tegese tembung-tembung kang kaecap miring ing ukara-ukara :

1. *katon cepaka sewakul* = disenengi wong akeh.
2. *rahmating Gusti Ingkang Mahaagung* = sih kawelasaning Gusti Ingkang Mahaagung.
3. *parimarmaraning Pangeran* = kawelasaning Pangeran.
4. *berkahing para sepuh* = pangestu (pandonga) ing para sepuh.
5. *pinaringan kayuwanan* = pinaringan kabegjan (kaslametan).
6. *pantes sinudarsana* = pantes tinulad (diconto)
7. *pinaringan katentreman lan karahayon* = pinaringan suka basuki / karahayon / kaslametan.
8. *bisaa mikul dhuwur mendhem jero marang wong tuwamu sakloron* = bisaa mulyakake jenenge wong tuwamu sakloron.
9. *ambeg adigang adiguna* = watak kang ngendir-edirake pangkat, kaluhuran, lan kapinteran.

D. Tembung-tembung kang mbangetake :

1. *sidhem premanem*
2. *adoh ngaluk-aluk*
3. *sabar drana*
4. *cilaka mencit*
5. *anyep njejet*
6. *adhem njekut*
7. *kebak mencep-mencep*
8. *suwung byung*
9. *ilang musna*
10. *kojur sanga likur*
11. *biru kecu (erum)*
12. *bening nyliring*
13. *blaka sua*
14. *gandes luwes*
15. *panase sumelet*
16. *asat nggereng*
17. *sugih brewu*
18. *sayuk rukun*
19. *mubeng muser (ngganjret)*

III. PARAMASA STRA

- C. 1. Bapakmu apa wis **kopundhutake** sarapan sing ana lemar ?
2. Bapak wingi **dipundhuti** dhuwit dening eyang.
3. Omah iki wis **dipundhut** bapak setaun kepungkur.
4. Nalika aku piknik **disangoni** ibu limang ewu rupiyah.
5. Dhuwit Rp 5000,00 **disangokake** adhiku dening ibu.
6. Anakmu apa wis **kosangoni**, Bu ?
7. Bapak **diwacakake** koran dening ibu.
8. Buku komik satumpuk iku wis **diwacani** adhiku.
9. Layangku apa wis **kowacakake** marang embah ?
10. Koran dina iki wis **dakwaca** awan mau.

D. Ukara :

1. a. Segaku wis **dakpangan**
b. Kucingku **dakpakani** tikus
c. Tikus **dakpakakake** kucingku.
2. a. Bukumu wis **kojupuk** ?
b. Pelem-pelem sing gogrog apa wis **kojupuki** ?
c. Bok aku **kojupukake** wedang teh !
3. a. Dhuwite wis **digawa** mulih adhiku.
b. Adhiku **digawani** dhuwit dening ibu.
c. Adhiku **digawakake** dhuwit ibu saka ngomah.
4. a. **Diwaspeda** marang reka dayane mungsuh.
b. Reka dayane mungsuh **diwaspadani** dening bangsa kita.
c. Kanca-kancaku kuwi yen **dakwaspadakake** temenan kok kurang teliti anggone padha sinau.

5. a. Welingku marang kowe kabeh **dibekti** marang wong tuwamu sakloron !
- b. Wong tuwa iku wajib **dibekteni** dening anak.
- c. Wong tuwaku sakloron **dakbekteni** banget.

IV. NULIS

V. UNGGAH-UNGGUH

1. Bapak Menteri Transmigrasi maringake hadhiyah sapi sarakit marang kulawarga transmigrasi.
2. Muga-muga panjenengan sabrayat krasan ana ing papan anyar, muga-muga pinaringan karahayon lan katentreman. lan bisa nyembadani kabutuhane kulawarga !
3. Paningset panjenengan iku pundhutan pira kok pantes banget manawa sing ngagem panjenengan ! Ing papan transmigrasi mbok manawa durung ana sing adol.
4. Lo. panjenengan Dhimas ! Mangga dakaturi lenggah kene ! Apa saka ndalem bae ? Rak ya padha slamet ta ?
5. Sokur besuk ana papan anyar kersa asring paring kabar menyang Wonogiri, supaya langgeng sesambungan kita.

VI. KASUSASTRAN

A. Penget :

1. Ciri-cirine "puisi Jawa gagrag anyar" iku ora kaiket ing we-waton :
 - cacahing gatra
 - guru wilangan ing saben sagatrane
 - guru lagu (dhong-dhing)

Endahing "puisi Jawa gagrag anyar" iku gumantung marang :

- pilihaning tembung-tembung kang mentes,
- purwakanthi,
- wirama,

- tembung-tembung "andhahan endah" kang karimbag, sarana :
 - + ater-ater **a** (*agegaman, agawe, alelewa*)
 - + seselan **In** (*tinitah, ginelung, tinulung*)
 - + seselan **um** (*tumelung, tumiba, kumembang*)
 - + dhapur **dwillingga** (*maya-maya, kaya-kaya*)
 - + dhapur **dwipurwa** (*sesilih, sesambat, peputra*)

2. Tuladha "puisi Jawa gagrag anyar" :

SADAWANE DALAN

Kakang . . .

*yen ing kutha wis lingsir wengi
delengen ta kakang*

Sing padha turu gumlethak néng tritis

*wengi iki dheweke turu kepati
kinemul mendhung kinancan ratri*

O, kakang . . . penggalihen

*yen wengi saya tintrim
kekes, adhem, cumlekit dadi siji*

Banjur . . . subuh

*kang padha turu kepati . . . krungu
ambal-ambalan bedhug tinabuh
wengine wis dadi esuk
srengenge jumedhul*

*Aweh esem sandhuwuring gumuk
bedhug bali keprungu maneh tengah rina
badan sapata . . . wis adoh gumregah
pangan . . .
njur sambat . . . nyuwun pangan
jroning ati nangis . . . sadawaning dalan*

*O, kakang . . . wigatekna
dheweke uga umat . . .
padha karo kita*

Pethikan saka : Bunga Rampai

*SASTRA JAWA MUTAKHIR
J.J. RAS*

- B. Kanthi katrangan lan tuladha kaya ing dhuwur iku ana ngomah siswa bisa gawe puisi Jawa gagrag anyar kanthi irah-irahan :

TRANSMIGRASI

WULANGAN 6

II. KAWRUH BASA

- | | |
|-----------------|-----------------------|
| B. 1. karawitan | 9. bawa |
| 2. cakepan | 10. suwuk |
| 3. gendhing | 11. sapangkon |
| 4. waranggana | 12. saprangkat |
| 5. sindhen | 13. wiraswara |
| 6. suluk | 14. klenengan jangkep |
| 7. gerong | 15. gadhon |
| 8. buka | 16. cokekan |

C. Arane kagunan

- | | |
|-------------|------------------|
| 1. srimpi | 7. langen wanara |
| 2. gambyong | 8. topeng |
| 3. bondhan | 9. ludruk |
| 4. wireng | 10. kethoprak |
| 5. pethilan | 11. tayub |

D. Tegese tetembungan kang kacithak kandel ing ukara :

- | | |
|---------------------------|--|
| 1. murakabi | = maedahi, migunani |
| kaum dagang | = golongan bakul |
| 2. didagang | = dipetung |
| 3. ndagangi | = ajar mlaku |
| 4. dagangan | = kulakan |
| 5. seserepan | = kapinteran |
| 6. dipun serep-se-repaken | = dipun tuturi |
| 7. nyurupaken | = nglebokake |
| 8. sumerep | = ngertos |
| 9. sampun serap | = surup / lumebet |
| 10. wanci serap | = surup |
| 11. dipun surupi | = dipun taker malih |
| 12. bocah ora urus | = ora tata |
| 13. kula urus-urus | = ngresiki weteng |
| 14. iku urusen | = rembugen |
| 15. iki urusanku | = prakaraku, pangrembugku, paniti priksaku |
| 16. grilya kula | = omah |

17. **gegriya** = emah-emah (nyepeng bale griya)
 18. **kathah griya-griya sae** = omah-omah (griya kathah)

III. PARAMASA STRA

A. Ukara-ukara tanduk transitip kanthi gatra-gatra :

1. Katrangan panggonan (keterangan tempat)
– *Siti nandur kembang ana kebon.*
2. Katrangan mangsa (keterangan waktu)
– *Aku nyirami tanduran saben sore.*
3. Katrangan ubaya (keterangan syarat)
– *Aku arep nyuwun sepedha manawa sida sekolah ing kutha.*
4. Katrangan tujuan (keterangan tujuan)
– *Aku maca buku-buku supaya tambah kawruhku.*
5. Katrangan karana (keterangan sebab)
– *Aku nganggo payung marga udan.*
6. Katrangan sarana (keterangan alat)
– *Narta ndhangir kacang nganggo pacul.*
7. Katrangan cacah (keterangan jumlah)
– *Adhiku bola-boli nyuwun es.*
8. Katrangan wewatesan (keterangan perwatakan)
– *Bocah-bocah kelas loro padha nglumpuk kajaba aku.*

9. Katrangan katemtuan (keterangan kepastian)
– *Saben esuk ibu mesthi nyepakake sarapan.*
10. Katrangan asal (keterangan asal)
– *Kemasan nggawe ali-ali saka emas.*
11. Katrangan akibat (keterangan akibat)
– *Budi mbebeda adhine nganti nangis.*

B. Racutan (udhalane) ukara :

1. *Kula // ngentosi / panjenengan / wonten ngriki*

<i>Kula</i>	= jejer
<i>ngentosi</i>	= wasesa
<i>panjenengan</i>	= lesan
<i>wonten ngriki</i>	= katrangan panggonan

2. *Ing mangsa rendheng / para among tani // ngolah / sawahe*

Ing mangsa rendheng = katrangan mangsa
para among tani = jejer
ngolah = wasesa
sawahe = lesan

3. *Saiki / kanca-kancaku // nyelengi / dhuwite / ana BRI.*

Saiki = katrangan mangsa
kanca-kancaku = jejer
nyelengi = wasesa
dhuwite = lesan
ana BRI = katrangan panggonan

4. *Aku karo adhiku // bola-bali / ngusungi / watu / saka kali.*

Aku karo adhiku = jejer
bola-bali = katrangan cacah
ngusungi = wasesa
watu = lesan
saka kali = katrangan panggonan

5. *Kanca-kancaku // nglumpukake / dhuwit / kanggo urunan tuku bal.*

Kanca-kancaku = jejer
nglumpukake = wasesa
dhuwit = lesan
kanggo urunan tuku
bal = katrangan tujuan

6. *Sarehne udan / aku // golek / godhong gedhang / kanggo payungan.*

Sarehne udan = katrangan karana
aku = jejer
golek = wasesa
godhong gedhang = lesan
kanggo payungan = katrangan tujuan

7. *Saben Minggu sore / aku // mesthi / nonton / bal-balani / ana ing setadhlon.*

Saben Minggu sore = katrangan mangsa
aku = jejer
mesthi = katrangan katemtuan

<i>nonton</i>	= wasesa
<i>bal-bal</i>	= lesan
<i>ana ing setadhion</i>	= katrangan panggonan

8. *Budi // kerep / mbebeda / adhine / nganti nangis.*

<i>Budi</i>	= jejer
<i>kerep</i>	= katrangan cacah
<i>mbebeda</i>	= wasesa
<i>adhine</i>	= lesan
<i>nganti nangis</i>	= katrangan akibat

IV. NULIS

(bisa dikarang dhewe dening siswa)

V. UNGGAH-UNGGUH

B. **Basa ngoko andhap :**

1. Bapak Menteri rawuh ing Madiun, dicaosi pasugatan kagunan reyog.
2. Bapak Menteri sapandhereke dalah para tani padha, karenan ing panggalih mriksani kagunan reyog saka wewengkon Panaraga.
3. Anane kagunan reyog ing Panaraga iku miturut pangandikane para pinisepuh uwis atusan taun kepungkur.
4. Manawa ana pengetan pahargyan dina gedhe kerep banget nggunakake kagunan reyog kanggo ngregengake pahargyan.
5. Para tamu saka manca negara uga akeh kang ngersakake mriksani kagunan reyog.

B. **Basa krama :**

1. Bapak Menteri rena panggalihipun mriksani kagunan reyog kaliyan asring mundhut katrangan-katrangan ingkang perlu.
2. Para Bapak Bupati ingkang sami rawuh ing Madiun ugi nyaosi katrangan-katrangan bab kagunan reyog dhateng panjenenganipun Bapak Menteri.

3. Bapak Menteri ugi ngendika dhateng para tamu ingkang sami rawuh ing Madiun, kajawi kagunan reyog wonten malih kagunan punapa ingkang saged dipun pameraken dhateng tamu manca negari.
4. Para tamu ugi nyaosi katrangan dhateng Bapak Menteri manawi ing Jawi Wetan punika kathah kagunan ingkang nengsemaken, kados ta : ludrug, gandrung Banyuwangi, tayub, kethoprak, lan sanes-sanesipun.
5. Sasampunipun pahargyan rampung tamu-tamu sami kondur dhateng ndalemipun piyambak-piyambak kanthi boten kesuden ngaturaken salam dhateng Bapak Menteri kaliyan pandherekipun.

VI. KASUSASTRAN

B. (bisa digawe dhewe)

WULANGAN 7

II. KAWRUH BASA

B. Tegese bebasan :

1. **padhang jagade** = tata tentrem
2. **rupak jagade** = kepaten pasaban
3. **jembar segarane** = sugih pangapurane
4. **budi sagara** = sabar, awatak momot
5. **ngemut driji** = ora oleh apa-apa
6. **angon kosok** = angon mangsa
7. **mbuwang tilas** = tumindake ora ketara
8. **ora ndalan** = ora weruh ing tata
9. **ilang jarake** = entek kasugihane
10. **ngenaki ati** = mung gawe senenge ati

C. Kosok balline tembung-tebung :

1. **nglemer** >< cukat, trengginas
2. **cukat** >< nglemer
3. **sembrana** >< ngati-atি

4. dilirwakake	>< digatekake
5. didandani	>< dirusak
6. asat nggereng	>< kebak mencep-mencep
7. teles kebes	>< garing mekingking
8. pating brenjul	>< rata
9. padhang njing-glang	>< peteng ndhedhet
10. mbangun turut	>< mbalela
11. lumintu	>< sendhet, rendhet
12. cethil	>< loma
13. disirik	>< dicedhaki, diraketi
14. ledhung-ledhung	>< kuru-kuru
15. kempel	>< ambyar
16. nyangklek	>< adoh
17. deres	>< terang
18. ludhuk	>< cicik

D. Tegese tembung-tebung :

1. **saka guruning**
pembangunan = kekuatan pokok
2. omah . . . ana **saka gurune** = saka gedhe papat ing satengahe omah joglo / limasan.
3. **guru laki** = bojo lanang, wong lanang minangka guruning somah.
4. **guru aleman** = seneng yen dialem, tansah golek aleman.
5. **guru lagu** = tibane dhong-dhing ing pungkasane gatraning tembang
- guru wilangan** = cacahing wanda ing saben sagatrane tembang.
6. **glondhong peng-areng-areng** = kayu kanggo mangsak, minangka pi-sungsung tandhaning sungkem.
- guru bakal** = barang-barang sing durung dadi apa-apa
- guru dadi** = barang-barang sing awujud dadi.

III. PARAMASA STRA

D. Pangrimbage tembung-tembung (a) lan tegese ater-ater, panambang utawa seselan (b), panganggone ing ukara (c)

1. a. in + welah + an → winelahan
b. winelahan = diwelahi
c. *Praune winelahan minggir.*
2. a. ka + welah + an → kawelahan
b. kawelahan = diwelahi
c. *Praune kawelahan dening tukang tambang.*
3. a. in + sambung + an → sinambungan
b. sinambungan = disambungi
c. *Taline serat nanas sinambungan tali rapia.*
4. a. ka + wangsul + an → kawangsulan
b. kawangsulan = diwangsuli
c. *Serat saking embah sampun kawangsulan dening ibu*
5. a. in + wangsul + an → winangsulan
b. winangsulan = diwangsuli
c. *Seratipun embah sampun winangsulan kala wingi.*
6. a. in + gered-gered → ginered-gered
b. ginered-gered = digered-gered.
c. *Blarake ginered-gered dening adhiku nganti tekan lurung.*
7. a. gered - in + gered → gered-ginered
b. gered-ginered = nggered ya digered (gered-geredan)
c. *Lare kalih ingkang saweg kerengan punika gered-ginered wonten sacelakipun blumbang.*
8. a. ka + tungka → katungka
b. katungka = ditungka
c. *Tamu kula saweg lenggah sampun katungka dening abdinipun.*
9. a. sih - in + sih + an → sih-sinihan
b. sih-sinihan = ngesihi uga diesihi (padha dene ngesihi)
c. *Temanten enggal ingkang saweg sih-sinihan ndados-aken pamarmenan tiyang sepuhipun.*
10. a. ke + tabok → ketabok
b. ketabok = kena tabok (ora dijarag)
c. *Kowe mengko yen ketabok aja nangis, lo !*

11. a. ka + tabok → katabok
- b. katabok = ditabok (dijarag)
- c. *Bareng aku katabok dening kancaku, banjur dakwales.*

IV. NULIS

B. Panulise nganggo aksara Jawa kang bener

na mānāng (mānāng) lāmāng
 na mānāng (mānāng) lāmāng

V. UKARA PANGUWUH

- B. 1. **E** lah, wong dikandhani kok ora nggugu !
2. **Adhuh**, kesandhung sikilku !
3. **Borong**, mangsa bodhoa kowe kono !
4. **Hore**, layanganku muluk !
5. **Lo**, kok kowe ! Kapan tekamu ?
6. **Ut**, mrocut olehku nyekeli glathik !
7. **Lah dalah**, kowe mrene ! Kene-kene linggiha kene !
8. **O**, jebule mung kaya ngono bae, ta !
9. **Dubilah**, ana pohung kok gedhene sakempol-kempol !
10. **Hus**, anak wani karo wong tuwa !

C. Ukara-ukara nganggo tembung panguwuh kang kacithak kandel :

1. **We** lah, ora genah bocah iki !
2. **Hus**, aja muni ala ngono kuwi ! Saru !
3. **E, kae** lo, eyangmu rawuh !

4. **Lah dalah**, bisa kepethuk kowe aku saiki !
5. **Dubilah**, ana tela kok sabayi-bayi ngene gedhene !
6. **Ah, wis ta**, aku precaya yen kowe bisa nggarap soal matematika iki !
7. **Hore**, layanganku menang !
8. **Lah lidok**, aku mau rak wis ngelingake kowe yen aja ngandel omongane Dasa !
9. **Lah layak**, mulihe rewangmu ora pamitan, lah wong niate ora apik !
10. Nalika aku bingung ana Jakarta nggoleki alamate sedulurku, **dilalah** sopire taksi tanggane sedulurku iku !

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 8

II. KAWRUH BASA

B. Tembung-tembung kang mathuk karo ukarane :

1. Wong sesrawungan ana kalangan apa bae, yen didhasari watak **andhap asor** bakal kajen keringan.
2. Wong kang ana bebrayan ngendelake karosane (**adligang**), ngendelake kaluhurane (**adigung**) lan ngendelake kapinterane (**adiguna**) iku bakal dicenges ing liyan.
3. Kebangeter temen olehmu **maładhuwiten** wang dhuwit ora mingsra bae petungmu nemen.
4. Pak Lurah iku pancen sawijining pamong kang **momot atine** katitik Bu Lurah iku priyayi kang **blater**, mula ora aneh manawa nalika mantu, tamune mbludak.
5. Bambang Sumantri iku satriya kang **sureng yuda** nganti ndadekake mirising mungsuh.
6. Prabu Yudhisthira iku kawentar ratu kang seneng paring dana driyah (**berbudi**) lan apa sing wis dingendikakake mesthi ditindakake (**bawa leksana**)

7. Ana ing crita Layang Seta lan Layang Kumitir awatak **drengki srei**, amarga ora seneng nyawang marang Damarwulan kang isih kulit daging dhewe. Kosok baline Anjasmara iku watake **lembah manah**, ngajeni marang sapa bae.
8. Nuduhake barang kang ana ngisor aja pisan-pisan ngango sikil, mundhak diarani wong kang **degsura**.

C. Kosok baline tembung-tembung :

1. katentreman >< rusuh, dredah, dahuru, hera-heru
2. gemi >< ngebreh
3. wekel >< kesed, wegahan
4. andhap asor >< kumaki, gumedhe
5. kebat >< satitahe, klelar-kleler
6. blaka >< dora, goroh
7. ladak >< lembah manah, andhap asor
8. sabar >< kemrungsung, kesusu, neson, branganan.
9. seja >< cilaka
10. gedhen >< climen
11. nriman >< ngangsa, ngaya, srakah
12. rukun >< crah, congkrah
13. temenan >< nglirwakake
14. luhur >< asor, remeh
15. sugih akal >< cupet budine, putek atine
16. isinan >< saen, waten

D. Pepindhan :

1. **Lakune** lengket-lengket kaya macan luwe.
2. **Warnane** kuning kaya emas sinangling.
3. **Baguse** kaya Bathara Kamajaya tumurun.
4. **Ayune** kaya Dewi Ratih.
5. **Dheg-dhegan** lir tinubruk ing mong tuné, sinamber ing gelap lepat.
6. **Wadana** melok lir wulan purnama.
7. **Netra** lir baskara kembar.
8. **Oleh kabegjan** kaya katiban daru.
9. **Swarane** kaya mbelah-belaha bumi.
10. **Suguhane** mbanyu mili.
11. **Sumbare** kaya bisa mutung wesi gligen.

III. PARAMASA STRA

A. Sing kalebu ukara camboran tunggal yaiku ukara-ukara nomer :

1. Ocehe mencoku apik, mulane aku seneng banget

Buktine :

- *aku seneng banget* (PU II) manunggal karo *ocehe mencoku apik* (PU I), yaiku nglungguhi gatra **katrangan akibat** ing PU I.
- camboraning PU I karo PU II digamblangaké (dieksplisitake) nganggo tembung pangiket **mulane**.

3. Guruku nerangake, manawa sekolah kudu ana piket

Buktine :

- *sekolah kudu ana piket* (PU II) manunggal karo *guruku nerangake* (PU I), yaiku nglungguhi **gatra lesan (obyek)** ing PU I.
- camboraning PU I karo PU II dieksplisitake nganggo tembung pangiket **manawa**.

4. Senajan udan deres, aku uga mlebu sekolah

Buktine :

- *udan deres* (PU I) manunggal karo *aku uga mlebu sekolah* (PU II), yaiku nglungguhi **gatra katrangan kosok balen** ing PU II
- camboraning PU I karo PU II dieksplisitake nganggo tembung pangiket **senajan**.

5. Jalaran aku ora duwe dhuwit, aku ora jajan

Buktine :

- *aku ora duwe dhuwit* (PU I) manunggal karo *aku ora jajan* (PU II), yaiku nglungguhi **gatra katrangan karana** ing PU II.
- camboraning PU I karo PU II dieksplisitake nganggo tembung pangiket **jalaran**.

D. Udhalaning ukara-ukara :

1. Manawa / kowe lega / aku nyilih bukumu

- | (a) | (b) | (c) |
|-------------------------------|--|---|
| (a). <i>Manawa</i> | | = tembung pangiket |
| (b). <i>kowe/lega</i> (PU I) | | = ukara gatra (anak kalimat)
katrangan syarat. |
| - <i>kowe</i> | | = jejer |
| - <i>lega</i> | | = wasesa |
| (c). <i>aku/nyilih/bukumu</i> | = <i>ukara lajer</i> (<i>induk kalimat</i>)
(PU II) | |
| - <i>aku</i> | | = jejer |
| - <i>nyilih</i> | | = wasesa |
| - <i>bukumu</i> | | = lesan |

2. Marga / udane deres / aku nggawa payung

- | (a) | (b) | (c) |
|---|-----|---|
| (a). <i>Marga</i> | | = tembung pangiket |
| (b). <i>udane/deres</i> (PU I) | | = ukara gatra (anak kalimat)
katrangan sarana. <i>Karangan</i> |
| - <i>udane</i> | | = jejer |
| - <i>deres</i> | | = wasesa |
| (c). <i>aku/nggawa/pa-</i>
<i>yung</i> (PU II) | | = ukara lajer (<i>induk kalimat</i>) |
| - <i>aku</i> | | = jejer |
| - <i>nggawa</i> | | = wasesa |
| - <i>payung</i> | | = lesan |

3. Adhi kula sakit /, milanipun / kula tumbas obat

- | (a) | (b) | (c) |
|------------------------------|-----|--|
| (a). <i>Adhi kula/sakit</i> | | = ukara lajer (<i>induk kalimat</i>) <i>Katrangan akibat</i> |
| - <i>Adhi kula</i> | | = jejer |
| - <i>sakit</i> | | = wasesa |
| (b). <i>milanipun</i> | | = tembung pangiket |
| (c). <i>kula/tumbas/obat</i> | | = ukara gatra katrangan akibat |
| - <i>kula</i> | | = jejer |
| - <i>tumbas</i> | | = wasesa |
| - <i>obat</i> | | = lesan |

4. Aku gelem teka ing omahmu / anggere / kowe gelem ngorake mulih.

- | | | |
|-------------------------------------|-----------------------|-----|
| (a). Aku / gelem / teka / | (b) | (c) |
| - ing omahmu | = ukara lajer | |
| - Aku | = jejer | |
| - teka | = wasesa | |
| - gelem | = katrangan katemtuan | |
| - ing omahmu | = katrangan panggonan | |
| (b). anggere | = tembung pangiket | |
| (c). kowe / gelem / ngorake / mulih | = ukara galia | |
| - kowe | = | |
| - ngorake | = jejer | |
| - (aku) mulih | = wasesa | |
| - gelem | = lesan | |
| | = katrangan katemtuan | |

5. Kancaku ngabari aku / manawa / kowe lara

- | | | |
|--------------------------|--|-----|
| (a) | (b) | (c) |
| (a). Kancaku / ngabari / | | |
| - aku | = ukara lajer | |
| - kancaku | = jejer | |
| - ngabari | = wasesa | |
| - aku | = lesan | |
| (b). manawa | = tembung pangiket | |
| (c). kowe / lara | = ukara gatra katrangan kang
nggumathokake. | |
| - kowe | = jejer | |
| - lara | = wasesa | |

IV. NULIS

Panulise nganggo aksara Jawa :

Ngoko
Yen ana iku tukang batik.
Kang batik iku uga bener.
Iku tukang batik iku uga bener.
Tukang batik iku uga bener.
Kang batik iku uga bener.
Iku tukang batik iku uga bener.
Tukang batik iku uga bener.
Kang batik iku uga bener.
Iku tukang batik iku uga bener.
Tukang batik iku uga bener.

හින්දි ප්‍රතිඵල් සාහෝ මුද්‍රණ සංස්කීර්ණ සංග්‍රහ අංශය මැයි २०१५ නොවුමෙන් තුළ ඇත්තේ මෙම ප්‍රතිඵල් සංස්කීර්ණ සංග්‍රහ අංශය මැයි २०१५ නොවුමෙන් තුළ ඇත්තේ මෙම ප්‍රතිඵල් සංස්කීර්ණ සංග්‍රහ අංශය මැයි २०१५ නොවුමෙන් තුළ ඇත්තේ මෙම

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa ngoko andhap

Suparta : "Kula nuwun !"

Brata : "O, Dhi Parta ! Mangga lenggah kene bae ! Kersane Adhi apa, sore-sore kok rawuh mrene ?"

Suparta : "Anu Kangmas, manawa panjenengan ngersakake mriksani wayang wong arep d'akcaosi karcis. Aku diwenehi karcis loro. Manawa Kangmas kersa arep dakdherakake."

Brata : "Kebeneran banget, Dhimas ! Aku wis suwe ora tau nonton wayang. Aku mau malah wis kongkonan tuku karcis, jebul wis entek. Atiku ya gela mangka lakone apik. Dadi anggon panjenengan maringi karcis iku kebeneran banget. Dhimas rak iya endang tindak ta ? Panjenengan dakaturi lenggah dhisik, aku arep dandan."

Suparta : "Iya mangga. Anggone busana Kangmas aja kesusu, wong wektune isih akeh, dadi ora bakal kasep."

VI. KASUSASTRAN

C. Rumpakan rong pada ing buku iku (Mardi Jawi II kaca 97), bisa kagolongake puisi Jawa gagrag anyar, amarga ora kaiket wewaton :

- guru wilangan
- guru lagu

Edi penining rumpakan mung migunakake : pilihaning tembung kang mentes, purwakanthi, tembung-tembung dwilingga.

D (bisa digawe dhewe dening siswa).

WULANGAN 9

II. KAWRUH BASA

B. Tembung-tembung kang mathuk karo ukarane :

1. Mangga sami ngindhakaken **takwa** kita dhateng Allah **subhanahu wa tangala**.
2. Mugi-mugi musibah punika sageda katampi kanthi **tawakkal** lan tansah **istipar** dhumateng Allah Ingkang Mahaasih
3. Kabeh dhokter wis ora saguh nambani larane sedulurmu iku, yen bisa mari jalaran mung diurut-urut bae iku sawijining **mukijat**.
4. Pati urip iku ana astane Pangeran, jer manungsa ora bisa uwal saka **takdir**.
5. Mbok bilih boten wonten **tangadur**, kula badhe merlokaken sowan panjenengan benjing-enjing sonten.
6. Wong sing didadekake **imam** ana ing solat jamangah iku lumrahe wong sing kandel **imane**.
7. Wis dadi **jamak** lumrahe yen wong urip ana ing bebrayan iku kudu tulung-tinulung.
8. Kepriye bisane kasembadan panjangkamu kudu korewangi **setiyar** kanthi temen-temen.
9. Mugi-mugi sih kadarmen punika sageda nambahi **ngamal** panjenengan.

C. Panganggone tembung-tembung sabawa (kata seru) kang kandel panyithake :

1. *Besuk kapan olehmu arep duwe gawe mantu, insya allah aku arep merlokake teka.*
2. *Alkamdulillah kula saged katampi wonten SMA I Sala, Bu !*
3. *Kapan Gunung Merapi olehe arep njeblug maneh, iku wali-lahu a'lam.*
4. *Masa 'Allah, awakmu tatu kabeh iku kena apa, Bud !*
5. *Astaga, esuk-esuk kowe kok kluyuran ana kene iki, ora sekolah ta !*

6. *La illaha illa'llah, aku ora ngira babar pisan, nek kowe ala kaya ngono, kuwi !*
7. *Bener, eyang seda ? Innalillahi wa inna ilaihi roji'un !*
8. *Anggonku ngrangkani anak kang nakale ora karuwan iku pancen ya kudu pawitan sabar lan tlaten, ya wala-wala kuwata bae.*

D. Tegese tembung-tebung kang kacithak kandel ing ukara-ukara :

1. Mahawikan	= weruh ing samubarang prakara (sipating Allah)
Mahaasih	= welas asih marang sakabehing titah (sipating Allah)
Mahaluhur	= dhuwur dhewe panguwasane tumraping jagad saisine.
2. ngemah-emahaken	= ngawinaken
3. Pemahanipun	= pakarangan
4. emah-emah	= jejodhoan
bibit	= wiji
bebет	= turun(-an)
bobot	= kalungguhane, pangkate
5. bale griya	= omah sarta pakarangan
6. griyanipun	= omahe
7. gegriya	= omah-omah, manggon
8. puji basuki	= puji raha(r)ja (slamet)
9. puji rahayu	= puji slamet
10. puji rahayu panjennengan	= puji (donga) slamet
11. puji sukur	= donga atur panuwun
12. sukuran	= slametan ngaturake panuwun marang Pangeran
13. sokur tiba	= kareben tiba
14. ya sokur . . . wis lulus	= ya matur nuwun marang Pangeran = ran
15. sokur bage	= sokur alkamdu(l)ilah, dipuji bisaa, begja banget yen

III. PARAMASA STRA

LATIHAN

1. Rimbaging tembung-tembung sarana panambang **en** :

- a. genti + en → gentinen.
– *Jam olehku tuku iki gentinen !*
- b. wada + en → wadanen
– *Garapane adhimu wadanen !*
- c. suru + en → surunen.
– *Bubur iki surunen bae !*
- d. gule + en → gulenen.
– *Daging wedhus iki gulenen !*
- e. soto + en → sotonen
– *Pitike belehen, banjur sotonen !*

2. Rimbaging tembung dadi **pakon tanduk** sarana panambang **a** :

- (a). a(N) + genti + a → nggentia
– *Mengko sore nggentia Narti anggone nunggu toko !*
- (b). a(N) + wada + a → madaa
– *Madaa mangsakane mbakyumu, kareben ngreti keku-rangane !*
- (c). a(N) + suru + a → nyurua
– *Kowe ya nyurua bubur iki, kareben endang entek !*
- (d). a(N) + gule + a → nggulea
– *Mengko sore nggulea pitik bae !*
- (e). a(N) + paro + a → maroa
– *Kowe maroa garapane sawah kakangmu !*

3. Rimbaging tembung dadi **pakon tanggap** lan **pakon tanduk** sarana panambang **ana** :

- a. suru + ana → suronana (pakon tanggap)
a(N) + suru + ana → nyuronana (pakon tanduk)
– *Bubur iku suronana bae !*
– *Kowe nyuronana bubur iki nganggo suru godhong gedhang !*

- b. **genti + ana → gentenana** (pakon tanggap)
a(N) + genti + ana → nggentenana (pakon tanduk)
 - Sepaluku **gentenana** selawe ewu rupiyah bae !
 - Kowe **nggentenana** sepatune adhiku !
- c. **waca + ana → wacanana** (pakon tanggap)
a(N) + waca + ana → macanana (pakon tanduk)
 - Majalah-majalah iki **wacanana** kareben tambah kawruhmu !
 - Kowe **macanana** majalah-majalah iki kareben tambah kawruhmu !
- d. **sate + ana → satenana** (pakon tanggap)
a(N) + sate + ana → nyatenana (pakon tanduk)
 - Daging wedhus, daging sapi karo daging pitik sing ana dhapur iku **satenana** bae, mengko padha dipangan bebarengan !
 - Kowe **nyatenana** daging wedhus, daging sapi karo daging pitik sing ana ing dhapur iku, mengko padha dipangan bebarengan !
- e. **paro + ana → paronana** (pakon tanggap)
a(N) + paro + ana → maronana (pakon tanduk)
 - Roti-roti iki **paronana**, banjur dumen marang bocah-bocah sing padha dolanan kuwi !
 - Kowe **maronana** roti-roti iki banjur dumen marang bocah-bocah sing padha dolanan kuwi !

4. Rimbaging tembung-tembung dadi **pakon tanduk** lan **pakon tanggap** sarana panambang -na :

- (a). **a(N) + suru + na → nyurokna** (pakon tanduk)
suru + na → surokna (pakon tanggap)
 - Kowe **nyurokna** embah bubur lemu iki !
 - Embah **surokna** bubur lemu iki !
- (b). **a(N) + genti + na → nggentekna** (pakon tanduk)
genti + na → gentekna (pakon tanggap)
 - Kowe **nggentekna** sepatumu sing sesak marang kancamu !
 - **Sepatumu sing sesak gentekna** marang kancamu !

- (c). **a(N) + waca + na → macakna** (pakon tanduk)
waca + na → wacakna (pakon tanggap)
- Kowe **macakna** embahmu buku babad iki !
 - Embahmu **wacakna** buku babad iki !
- (d). **a(N) + sate + na → nyatekna** (pakon tanduk)
sate + na → satekna (pakon tanggap)
- Kowe **nyatekna** bapak nganggo daging wedhus !
 - Bapak **satekna** nganggo daging wedhus !
- (e). **a(N) + paro + na → marokna** (pakon tanduk)
paro + na → parokna (pakon tanggap)
- Kowe **marokna** bocah loro iku roti iki !
 - Bocah loro iku **parokna** roti iki !

IV. NULIS

B. Panulise nganggo aksara Jawa :

Ngurah	Ngurah	Ngurah

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa krama :

1. Mugi-mugi Gusti Ingkang Mahaasih paring katentreman tuwin pangayoman dhateng Adhi sakukuban.
2. Supados saged kasembadan gegayuhan sampeyan, sampun ngantos kendhat anggen sampeyan gadnah panyuwun dhateng Pangeran Ingkang Mahaagung tuwin Mahamirah .

- awit saputih
pikanthuk
3. Nindakaken punapa dhawuhing Allah tuwin nebihi laranganir-pun punika dipun wastani takwa dhateng Ingkang Murbeng Dumadi.
 4. Mas, awit saking pangestu panjenengan kula sampun angsal padamelan wonten Pertamina. Mila punika kula nyuwun pamit badhe bidhal benjing-enjing. Mbok manawi wonten lepat kula kemawon dhateng panjenengan kula nyuwun pangapunten.
 5. Inggih sokur Dhimas, kula ndherek bingah sanget dene Dhimas sampun pinaringan kanugrahan saking Pangeran. Kula namung ndherek memuji mugi-mugi Dhimas saged nindakaken kewajiban kanthi boten wonten godha rencana.

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 10

II. KAWRUH BASA

B. Araning papan panggonan kang kerep keprungu ing padhalangan :

1. Pengadilan ing kapatihan **bale mangu**.
2. Papan patapaning pandhita **padhepokan**.
3. Pandhapaning pandhita kanggo mulang para cantrik **pacrabakan**.
4. Paseban ing **sitinggil pagelaran**.
5. Dalem gedhe kagem sinuwun ing kraton **prabayasa**.
6. Papan sing dhuwur samburining alun-alun (pasowan) arane **sitinggil**.
7. Regol (bangsal) sangareping kraton kanggo methukake / nguntapake tamu kraton arane **srlmanganti**.
8. Kahyangan (kraton)-e Bathara Guru iku **Junggring Saloka**.
9. Dalan tumuju menyang alun-alun iku arane **pangurakan**

C. Arane papan / omah :

1. Omah darbeking desa dianggo pakumpulan arane **bale desa**.
2. Omah-omahan ing tengahing blumbang (segaran) arane **bale kambang**.

3. Omah sarta pekarangan iku diarani **bale pomahan**.
4. Omah-omahan kanggo jaga kampung iku diarani **cakruk**.
5. Panggonane wong kang padha nginep **hotel**.
6. Papan kanggo sinau ngaji arane **pondhok**.
7. Omah cilik papan marung arane **bango**.
8. Omah-omahan cilik tunggu tanduran ing sawah / tegal arane **gubug**.
9. Rumah sakit kanggo wong lara TBC arane **sanatorium**.
10. Papan kanggo penelitian arane **laboratorium**.
11. Papan kanggo siaran radio/TVRI arane **studio**.
12. Papan kanggo nyimpen pari arane **lumbung**.
13. Papan kanggo nyimpen beras arane **padaringan**.
14. Papan kanggo nyimpen barang-barang arane **gudhang**.
15. Papan kanggo mandhe arane **besalen**.

D. Tegese tembung-tebung kang kacithak kandel ing ukara-ukara :

1. **lampahipun** R. Werkudara = lakune
2. ... ageng **lampahipun** = prihatosipun
3. **lampahan** Bale sagala-gala = lakon
4. **surya** ... serap = srengenge
5. **surya** kaping 26 Rejeb = tanggal
6. swaranipun **sirep** = kendel
7. benteripun badan **sirep** = mantun
8. **Resi** Drona = wong suci kang wis dianggep dewa, pandhita tapa.
9. **Resi** kintunan arta = surat pratandha kintunan (serat, paket, arta, kiriman)

III. PARAMASA STRA

A. Dhapukaning ukara camboran migunakake tembung pangiket :

- a. Aku ora pati pinter, **mulane** sregep sinau, **supaya** bisa lulus.
- b. **senajan** aku dipenging nerusake sekolahku, aku tetep nedek sekolah, **mulane** aku saiki dadi dhokter.
- c. Aku ora duwe dhewe sasedulurku, **ewa semono** aku emoh njejaluk marang sedulurku, **mulane** sedulur-sedulurku padha ngajeni aku.

- d. Jakarta, Semarang lan Surabaya iku kutha gedhe.
- e. Umar, Ali lan Sardi iku murid SMP sing sregep banget.
- f. Sarjana iku murid kang sregep, lantip lan alus bebudene.

B. Tembung-tembung pangiket kang mathuk karo ukarane :

1. Aku iya gelem melu kowe, **anggere** sekolahku diragadi.
2. Malinge gelem ngaku, **bareng** digiri-giri arep dipenthungi.
3. Barja kuwi kemaki banget, **mulane** digethingi kanca-kan-cane.
4. Kowe kudu gemi setiti, **supaya** besuk uripmu kepenak.
5. Darma iku wani rekasa, **mulane** saiki uripe kepenak.
6. **Manawa** kowe disrengeni ibumu, aja pisan-pisan kowe mangsuli.
7. Indonesia ing tembe dadi nagara kang makmur. **amarga** sugih barang-barang apa bae.
8. Amir iku anake wong sugih, **nanging** ora umuk.
9. Marna arang kekurangan sandhang pangan, **jalaran** uripe rigati-ati banget.
10. **Supaya** kowe enggal lulus, kowe kudu sregep sinau.

C. Ukara nganggo tembung pangiket kang kacithak kandel :

1. Ing wektu iku aku sinau, adhiku resik-resik kamar, **dene** ibu mangsak ana pawon.
2. Gunung Merapi iku wis kagolong dhuwur, **ewadene** meksa kalah dhuwur karo Gunung Semeru.
3. Aku iki wis tuwa, **suprandene** aku isih mempeng marsudi kawruh.
4. Kanca-kanca sekolah, kanca-kanca bal-bal, **apa dene** kanca-kanca kampung padha nekani sukurang anggonku katampa ing SMA I Sala.
5. Aku diarani sing mecahake kaca, **mangka** aku teka, ka-cane wis pecah.
6. Bocah kelas 3 bae ora bisa nggarap, **apa maneh** kowe lagi kelas 1.
7. Kula ngaturi wuninga, **blllh** benjing dinten Senen ngajeng punika kula nyuwun pamit boten mlebet.
8. **Mbok** **blllh** boten wonten alangan satunggal punapa, benjing dinten Senen tanggal 19 - 11 - 1989 punika, kula badhe nyupitaken anak kula jaler ingkang nomer kalih.

9. Sarehne kala wingi boten saged ndhatengi rapat LKMD kula nyuwun kabaripun.
10. Awit saking pitulungan panjenengan, kula sampun angsal padamelan.
11. Nalika dinten Akad kepengker punika, kula sowan dhateng dalem panjenengan, kapanggih suwungan.
12. Bareng dituruti panjaluke, adhiku jogedan.

IV. NULIS

Panulise nganggo aksara Jawa !

॥ यं वै विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु ॥
 अन्नमात्रा विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु
 विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु विष्णु

V. JANTURAN JEJER ING PAWAYANGAN

VI. KASUSASTRAN

WULANGAN 11

I. WACAN

- C. 1. Sing gugur gunung lurah kula.
2. Sing gugur gunung kula.
3. Sing gugur gunung : **bapak, lurah, kula.**
4. Sing gugur gunung : **bapak, lurah, kula.**
5. Sing ambruk wit.
6. Sing ambruk omahe.
7. Iya **bapak / dudu bapak.**
8. Mesthi **kondur / ora kondur.**
9. Bener dina iki / llya dina.

II. KAWRUH BASA

B. Tembung-tembung kang mathuk karo ukarane :

- | | |
|--|---|
| 1. gugur gunung | = pakaryan negara kang sarana nggerakake wong padesan tanpa opahan. |
| 2. gunungan | = tetironing gunung kang digawe sega janganan lsp. kanggo ajad dalem yen pinuju grebeg. |
| 3. srigunung | = wewujudan yen saka kadohan becik saka cedhakan ala. |
| 4. gunung sepikul | = wanguning ali-ali (matane ing tengah kaya suweng ceplik diapit-apit ing inten loro sing padha gedhene). |
| 5. tunggang gunung | = wayah sore srengenge mbereri ana ing gigiring gunung. |
| 6. dieletana sagara lan gunung sap pitu | = adoha enggone utawa dipalangana dikaya ngapa. |
| 7. kerubuhan gunung | = nemu kasusahan gedhe. |
| 8. sagunung anakan | = gedhene ora karuhan, gedhe banget (padha karo gunung anakan). |

C. Bebasan (ian tegese) kang mathuk karo ukarane :

1. *Kemladheyen ngajak sempal* = sanak sedulur kang gawe karusakan.
2. *Pitik trondhol diumbar ing padaringan* = wong kekurangan dipasrahi nyekel dhuwit, lsp.
3. *Satru munggeng cangklakan* = mungsuh sing kecedhak (isih sanak sedulur)
4. *Ketepang ngrangsang gunung* = njangka prakara sing nglengkara (mokal).
5. *Kejugrugen gunung menyan* = nemu kabegjan gedhe banget.
6. *Kutuk marani sunduk* = nemaha marang bebaya.
7. *Nguyahi segara* = weweh marang wong sugih
8. *Ngontragake gunung* = asor (ringkih) bisa ngalahake sing luhur (kuwasa).

D. Tembung-tembung kang ateges mbangetake kang mathuk karo ukarane :

- | | |
|-------------------------|-------------------------------|
| 1. sidhem premanem. | 11. biru érem (kecu). |
| 2. adoh ngaluk-ngaluk. | 12. bening nyiliring. |
| 3. sabar drana. | 13. blaka suta. |
| 4. cilaka mencit. | 14. gandes luwes. |
| 5. anyep njejet. | 15. panase sumelet. |
| 6. adhem njekut. | 16. asat ngereng. |
| 7. kebak mehcep-mencep. | 17. sugih brewu. |
| 8. suwung byung. | 18. sayuk rukun. |
| 9. ilang musna. | 19. mubeng muser (ngganjret). |
| 10. kojur sanga likur. | |

III. PARAMASA STRA

Rimbag guna en :

1. Tegese panambang en :

- *Sikile kadhasen* (= kadunungan **kadhas**)
- *Kancaku lelaranen* (= tansah **nandhang lelara**)
- *Tembakone wis jamuren* (= kadunungan **jamur**)
- *Adhike kreminen* (= kadunungan **kremi**)
- *Aku ketok-ketoken ibu* (= tansah **ketok-ketok**)
- *Jambu sauwit uleren kabeh* (= kadunungan **uler**).

Rimbag adiguna ke - en

2. Tegese ater-ater lan panambang ke - en :

- *Tampare kedawan/kedawanen* (= keladuk **dawane**)
- *Kowe rada kemangidulen* (= keladuk **mangidule**)
- *Sepedhamu kapiken kanggomu* (= keladuk **apike**)
- *Aku kesepen ana ing desa* (= ngalami luwih **sepi**)
- *Jugangane kejeron* (= keladuk **jerone**)
- *Karpete kamban kanggo kamar iki* (= keladuk **ambane**).

IV. NULIS

B. Panulise nganggo aksara Jawa :

గුජ්ජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්

गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
गුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්
ගුජ්ජ්ජ්ජ්

V. UNGGAH-UNGGUH

Basa ngoko andhap :

PEPANGGIHAN WONTEN SETASIUN

M.K. : "Lho Adhi, arep tindak menyang ngendi ?"

R.S. : "Arep menyang Klathen, ditimballi bapak."

M.K. : "Kok sajake ana prakara sing wigati, tandhane ingkang ramawha nimbali Adhi."

R.S. : "Anu, dhek wingi aku tampa layang saka Klathen, ngendikane bapak, ibungarep-arep banget, wong wis watara 4 taun iki aku ora tau tilik. Sasi iki adhi-adhiku mbeneri liburan, padha mulih menyang Klathen kabeh. Waleh weleh apa, sajatine padha arep kangen-kanganan."

M.K. : "O, ngono. Lah kondure besuk apa ?"

R.S. : "Bok manawa minggu ngarep, wong angkahku ngiras arep menyang Pengging barang, sowan embah."

M.K. : "Ingkang rayi sing isih sekolah pira ?"

R.S. : "Telu, si Sukirja, Sukarsa, karo Sukemi. Mung Sukirja sasi iki wis tamat sinaune. Malah jarene arep nyambut gawe Wis kepareng, iku sepure wis teka."

M.K. : "Iya mangga, ndherekake sugeng."

R.S. : "Iya, nuwun."

VI. KASUSASTRAN

B. Wangsulane pitakon :

1. Kang kondhang akeh rumpakane kang awujud dolanan gagrag anyar iku kaya ta :

a. Ki Nartosabdo :

- *Ibu Pertwi*
- *Ayo ngguyu*
- *Praon'*

b. R.T. Wasitodipuro :

- *Modernisasi Desa*
- *Sepur Thruthuk.*

c. R.C. Hardjosoebroto :

- *Kupu Kuwi*
- *Juru Taman.*

2. Dolanan-dolanan gagrag anyar ing ngisor iku :

- *Gugur Gunung* dening Ki Nartosabdo
- *Lumbung Desa* dening Ki Nartosabdo

- *Lesung Jumengglung* dening Ki Nartosabdo
- *Ngundha Layangan* dening Ki Nartosabdo
- *Tahu Tempe* dening Ki Nartosabdo

3. Jenenge dolanan kang kagolong gagrag lawas (tradisional) :

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">- <i>Ilir-ilir</i>- <i>Jamuran</i>- <i>Kate dipanah</i> | <ul style="list-style-type: none">- <i>Witing klapa</i>- <i>Cublak-cublak suweng</i> |
|---|---|

4. Tembang Macapat iku ana 11 iji, yaiku :

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none">- <i>Gambuh</i>- <i>Mijil</i>- <i>Pucung</i>- <i>Megatruh</i>- <i>Kinanthi</i>- <i>Maskumambang</i> | <ul style="list-style-type: none">- <i>Durma</i>- <i>Pangkur</i>- <i>Asmaradana</i>- <i>Dhandhanggula</i>- <i>Sinom</i> |
|--|---|

5. Kañg kalebu ewoning **tembang Tengahan** iku :

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none">- <i>Balabak</i>- <i>Wirangrong</i> | <ul style="list-style-type: none">- <i>Jurudemung</i>- <i>Girisâ</i> |
|--|---|

6. Buku kang critane nganggo **tembang Tengahan** iku arane **Kidung**, tuladhane :

- *Kidung Sundhayana*
- *Kidung Ronggolawe*

7. Jeneng jenenge **tembang Gedhe** iku, kaya ta :

- *Citramengeng*
- *Kusumastuti*
- *Mintaijawa*

WULANGAN 12

II. KAWRUH BASA

B Gantine tembung-tembung kang kaecap miring

1. *aweh pasumbang* = tetulung
2. *kami welasen* = trenyuh atine
3. *rasa mesakake* = welas
4. *kuwajibaning wong* = darma
5. *ulah kautaman* = darmalaksana
6. *dhemen tetulung* = ambek darma
watak siya = ambek siya
umuk-umukan = sesongaran
7. *awatak welasan* = ambek paramarta

C Kosok baline tembung-tembung :

1. ngugemi >< mblenjani, nyidrani
2. srei >< becik, welasan
3. gedhen >< climen
4. ngebreh >< gemi
5. nyidrani >< ngugèmi
6. congkrah >< atut, rukun
7. lelaranen >< waras
8. nglirwakake >< nggatekake
9. sembrana >< ngati-ati
10. klelar-kleler >< cukat, rikat
11. luruh >< pendirangan, jelalatan
12. tatag >< sumelang
13. srogol >< alus

D Tegese unen-unen (a) lan panganggone ing ukara (b) :

1. a. **angon kosok** = nangguh marang mangsa kang becik.
b. *Yen kowe arep nyuwun apa ta apa marang wong tuwa-mu kudu **angon kosok**, ngentenana suwasana kang apik.*
2. a. **tanpa tedheng aling-aling** = nindakake apa-apa kewanane ngeblak (blaka).
b. *Kewiranganku ana sekolahan dakcritakake marang sedulur-sedulurku **tanpa tedheng aling-aling**.*

3. a. **mbuwang tilas** = nylamur nindakake apa-apa supaya aja konangan pialane.
 b. *Olehmu rewa-rewa maca buku iku karepmu rak mbuwang tilas ben padha ora ngerti yen kowe sing mecah-ake kaca, ta ?*
4. a. **ora ndalan** = ora ngerti tata, murang tata.
 b. *Kowe kuwi kok ora ndalan ta, Le ! Ana piyayi sepuh lenggahan, kowe numpak sepedha ora mudhun.*
5. a. **ngemut driji** = ora oleh-olehan apa-apa.
 b. *Iya kowe mau disangoni embahmu, lah aku rak mung ngemut driji.*
6. a. **padhang jagade** = katon seneng (tentrem)
 b. *Yen kowe arep njaluk tulung marang kancamu, ngen-tenana yen kancamu wis padhang jagade.*
7. a. **rupak jagade** = judheg, ketekan pasaban.
 b. *Wong kang gelem apus-apus iku wusanane dadi rupak jagade, marga wis ora dipercaya ing sapa bae.*
8. a. **entek jarake** = entek kasugihane, ilang kamulyane.
 b. *Kepala Kantor kang dipecat jalaran korupsi, saiki dadi entek jarake, mula ora diajeni ing wong.*
9. a. **anjujul wuwul** = prakara kang muwuh-muwuhi reka-sa, nyela-nyela.
 (*njujul* = njaluk jujul/susuk, *wuwul* = udhu, urunan).
 b. *Kowe mbok aja njujul wuwul ! Iki lagi rembugan kang wigati !*
10. a. **ngenaki ati** = agawe senenging ati sarana tetembungan manis.
 b. *Dar ! Yen kowe wis saguh iya sing temenan, aja mung ngenaki ati thok, lho !*
11. a. **nggadho ati** = tansah agawe susahing ati
 b. *Kepenginanmu bab sepedha motor ampeten dhisik, aja nggadho atine wong tuwamu kang lagi sekeng.*
12. a. **atine ana wulune** = atine ala.
 b. *Tangga kang atine ana wulune iku manawa ana sing wong bisa tetuku barang mesthi gunem ala.*
13. a. **kraket ing galar** = mlarat banget.
 b. *Aku iku duwe watak ora seneng ngrusuhi sedulur, mula senajan kraket nggalar ya daklakoni.*

14. a. **mrojol selaning garu** = langka sing madhani, linuwih.
 b. *Kakangku iku dudu tedhak turuning dhalang, kathik pinter ndhalang, rak ngono kuwi ya jeneng mrojol selaning garu.*
15. a. **nggayuh-nggayuh luput** = barang kang dijangka ora dadi.
 b. *Nasib kuwi yen durung kebeneran, ndilalah nggayuh-nggayuh luput.*
16. a. **emban cindhe-emban siladan** = pilih sih.
 b. *Piwelingku marang kowe, marang sor-soranmu aja, nganti emban cindhe, emban siladan, mundhak digunem ala !*
17. a. **digarokake - dilukokake** = dikon nyambut gawe abot.
 b. *Bocah iku angger kok pakani wareg lan kok gatekake kabutuhane, bok digarokake-dilukokake ora bakal mingkuh.*
18. a. **Baladewa ilang gapite** = ilang panguwasane, ilang kaluhurane.
 b. *Tanggaku kang ngedir-ngedirake kae, saiki wis dadi Baladewailang gapite, amarga dipecat saka pagawéane.*
19. a. **dudu berase ditempurake** = ngudhoni rembug kang nyulayani (ora sambung)
 b. *Kerep banget Diran iku ana pasamuan dadi ger-geran, lah wong dudu berase ditempurake, mula kerep diku-ya-kuya kancane.*
20. a. **dadia suket suthik nyenggut** = emoh sapa aruh.
 b. *Yen kowe tansah wani karo wong tuwa, becik lungaa saka kene, sateruse dadia suket suthik nyenggut*

III. PARAMASA STRA

RIMBAG RANGKEP

B. Kang klebu golongan :

(1). **tembung dwilingga :**

omah-omah, anak-anakan, abang-abangan.

(2). **tembung dwipurwa :**

pepeteng, sesulih, kekejer, lelara, tetulung, pepeling, gegujengan, sesilih.

(3). **tembung dwiwasana :**

jedhidhik, cekikik, cengingis.

LATIHAN

1. Rimbag dwilingga wantah (a), dwilingga salin swara (b)

- **kandha** → **kandha-kandha** (a), **kondha-kandha** (b)
 - + *Aja kandha-kandha marang sapa bae, yen aku um-petan ana ing omahmu !*
 - + *Tinimbang kondha-kandha bae, bok uwis ditandangi saiki bae !*
- **muni** → **muni-muni** (a) → **muna-muni** (b).
 - + *Kowe wingi muni-muni kepriye marang adhimu ?*
 - + *Kowe kuwi nyambut gawe ora becus, bisamu ya mung muna-muni ngono kuwi !*
- **wegah** → **wegah-wegah** (a) → **wegah-wegeh** (b).
 - + *Kandhane mung wegah-wegah thok yen diajak nyambut gawe, nanging yen ana dum-duman rindhik asu digitik anggone nampani.*
 - + *Yen ana kasile gelem nampani, nanging yen diajak nyambut gawe wangsulane wegah-wegeh thok.*
- **njambak** → **njambak-njambak** (a) → **njombak-njembek** (b).
 - + *Adhiku sing lagi umur 5 sasi iku seneng njambak-njambak rambut.*
 - + *Aja njombak-njembek rambutku, mundhak padha bodhol.*
- **ndudud** → **ndudud-ndudud** (a), **ndudad-ndudud** (b)
 - + *Tomo anggone nggusahi manuk kang lagi neba ana ing paren mung sarana ndudud-ndudud sendhalan bae.*
 - + *Dhuwit satus ewu rupiyah iku tatanen sing apik, mengko yen mblanjakake rak kari ndudad-ndudud bae !*

mangan — mangan-mangan (a), **mongan-mengen** (b)

- + *Ayo Dhi mangan-mangan kene dhisik saanane !*
- + *Le, olehmu mongan-mengen iku kok ora nganggo leren, apa wetengmu kuwi karung, ta ?*
- **ngajak — ngajak-ngajak** (a), **ngojak-ngejek** (b).
 - + *Karepmu kepriye ta Dar, ngojak-ngejek jajan, bareng diiyani ninggal lunga !*
 - + *Wiwit dina iki aku ora bakal ngajak-ngejek kowe jajan, mundhak gawe wirangku maneh !*
- **alon — alon-alon** (a), **alon-alon** (b)
 - + *Ayo nguwoda kene alon-alon bae, kareben ora ke-plesed.*
 - + *Timbang mbengoki alon-alon marang wong wuta sing lagi mlaku ana ing sawah, bok kotuntun bae rak uwis !*
- **belling — belling-belling** (a), **belang-beling** (b)
 - + *Belling-belling pecahan gendul iki buwangen, mundhak ngenani wong liwat.*
 - + *Sing nyuwara belang-beling kuwi sapa ta ?*

2. Dadine rimbag dwipurwa (a) lan pangganggone ing ukara (b))

- **mbuwang — mbebuwang** (a)
Yen mbebuwang becik ana WC (b)
- **suguhan — sesuguhan** (a)
Ing toko roti wis cumawis roti-roti kang pantes kanggo sesuguhan tamu (b)
- **dagangan — dedagangan** (a)
- *Wong kang dedagangan iku mesthi mbutuhake pawitan* (b).
- **nyandhang — nyenyandhang** (a)
Nyenyandhang iku kudu dipantes karo sing nganggo (b).
- **njaluk — njejaluk** (a)
Bocah ngujan iku yen njejaluk adate ora kena disemayani.

- **mangan** → **memangan** (a)

Memangan ana ngomah iku kudu ngelingi sedulur-sedulure, aja mung waton doyan bae ! (b)

3. Dadine rimbag dwiwasana (a) lan panganggone ing ukara (b).

- **dengek** → **dengenek** (a)

*Adhiku kang lagi mapan turu, bareng ngreti swarane ibu banjur **ndengenek** (b).*

- **Cekik** → **cekitik** (a)

*Bocah-bocah iki kok pating **cekitik** kuwi ana apa ta ? (b)*

- **cengis** → **cengingis** (a)

*Kanca-kanca sing padha guyon, bareng didukani ibu guru padha pating **cengingis** (b).*

- **Cekak** → **cekakak** (a)

*Krungu lelucone dhagelan, penonton padha ngguyu pating **cekakak** (b)*

- **bedhug** → **bedhudhug** (a)

*Wetengmu **mbedhudhug** iku ana apane, Bud !*

4. Tegese rimbag dwilingga kang kacithak kandel ing ukara :

- **njowal-njawil** = bola-bali njawil

- **gedhe-gedhe** = akeh sing gedhe

- **kanca-kancaku** = kabeh kancaku

- **nyapu-nyapu** = kaya ta nyapu

- **mrena-mrene** = tansah mrene

- **sauni-unimu** = sapira/kepriye unimu

IV. NULIS

Panulise nganggo aksara Jawa :

गुम्भूरुपूर्वी लिङ्गायत्रा वार्ता

प्रजापति-प्रजापति इति अनुष्ठान-प्रथा
प्रवादन-प्रवादन तद्वारा लोको यज्ञो विश्वामित्र

ဒေသ။ အကြောင်းဖြစ်ပါမဲ့ မျိုးမျိုး^{PM} လူတော်မျိုး
 မျိုးမျိုး ပေါ်လေဆိပ်များ အမျိုးမျိုး^{PM} မျိုးမျိုး
 ပုံစံများ လေဆိပ်များ တို့တွေတွေ ရှိခိုးများ မျိုးမျိုး
 ဘုရားမျိုးမျိုး အတွက် ပုံစံများ အမျိုးမျိုး^{PM} မျိုးမျိုး
 မျိုးမျိုး မျိုးမျိုး မျိုးမျိုး မျိုးမျိုး
 မျိုးမျိုး မျိုးမျိုး RCL Senduk^{ဘုရားများ} Bahader
 Johan^{ဘုရားများ} ဘုရားများ ဘုရားများ ဘုရားများ
 ဘုရားများ ဘုရားများ ဘုရားများ ဘုရားများ ဘုရားများ

V. UKARA SAMBAWA

B. Latihan :

1. a. Iki mau mlakua terus tekan ngomah (= upama mlaku)
 b. **Tekaa** saiki mana
 kareben ana kancaku (= muga-muga teka)
 c. **Rekasaa** kaya ngapa mesthi daklakoni amarga aku wis saguh. (= sanajan rekasa)
 d. Kowe maneh **ngretia**, wong aku bae ora ngreti (= mokal ngreti)
 e. Bok **udana** mana aku ora susah ngelebi sawahku:
 (= mbok ya udan)
2. a. **Diwenehana** dhuwit, kowe iku mesthi mung kokenggo jajan ! (= upama diwenehi)
 b. **Konangana** mana anggonmu mbolos, kareben didukani ibu guru (= muga-muga konangan)

- c. **Ditambanana** bola-bali kok ya ora marimari, watukmu iku (= sanajan **ditambani**)
 - d. Kowe maneh **dingretenana** bab iki, aku sing gulang-guling saben dina bae ora. (= mokal **dingreteni**).
 - e. Bapak mengko **maringana** dhuwit bisa daktukokake sepedha dina iki uga (= mbok ya **maringi**)
3. a. **Ditukokna** sepedha Darma mesthi ora saba omah (= upama **ditukokake**)
- b. Dina iki **ulihna** jam 09.00 mana, aku arep dolan menyang enggone kancaku (= muga-muga **diulihake**)
- c. **Diterangna** bola-bali ya ora mudheng-mudheng, wong pancen pikirane kethul banget (= senajan **diterangake**)
- d. Aku maneh **ditukokna** sepedha, kowe sing sedulur dhevwe bae ora (= mokal **ditukokake**)
- e. Raket iki **wenehna** aku dakenggone latihan badminton (= mbok iya **diwenehake**).

VI. KASUSASTRAN

1. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१॥

2. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥२॥

3. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥३॥

4. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥४॥

5. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥५॥

6. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥६॥

7. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥७॥

8. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥८॥

9. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥९॥

10. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१०॥

11. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥११॥

12. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१२॥

13. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१३॥

14. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१४॥

15. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१५॥

16. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१६॥

17. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१७॥


18. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१८॥

19. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥१९॥

20. अप्युपाद्यते विश्वामीम् ॥२०॥

Catatan:







Penerbit
WIDYA DUTA
Surakarta
Jl. Menggawongso 139
6063 Surakarta